

LAMPIRAN

Interview Guide

a. Pembukaan

1. Terima kasih sudah bersedia menjadi narasumber. Sebelum kita mulai, boleh saya tahu nama lengkap Bapak/Ibu dan sudah berapa lama menjadi petani tembakau?
2. Boleh diceritakan sedikit tentang latar belakang Bapak/Ibu bertani, apakah dari keluarga petani atau pilihan sendiri?

b. Awal Ketertarikan & Bergabung dengan Kemitraan

3. Bisa diceritakan bagaimana awalnya Bapak/Ibu tahu tentang program kemitraan dengan PT Djarum?
4. Apa yang membuat Bapak/Ibu tertarik untuk ikut bergabung dalam kemitraan tersebut?
5. Apakah ada orang tertentu yang berperan dalam mendorong atau mengajak Bapak/Ibu ikut kemitraan ini? Siapa, dan bagaimana komunikasinya?
6. Saat awal bergabung, bagaimana harapan Bapak/Ibu terhadap kemitraan ini?

c. Pengalaman Selama Menjalani Kemitraan

7. Boleh diceritakan proses Bapak/Ibu saat menjalani kemitraan itu? Misalnya, apa saja aturan atau kewajiban dari perusahaan?
8. Dalam keseharian, bagaimana komunikasi antara petani dan pihak kemitraan (PT Djarum)? Apakah sering bertemu? Ada pertemuan rutin?
9. Adakah pengalaman yang menurut Bapak/Ibu menyenangkan atau membuat Bapak/Ibu merasa diperhatikan saat menjalani kemitraan?
10. Di sisi lain, adakah kejadian yang membuat Bapak/Ibu mulai merasa tidak nyaman atau mempertanyakan keikutsertaan dalam kemitraan?

d. Proses Pemaknaan & Diskusi Sosial

11. Saat mulai merasa ragu atau tidak nyaman, apakah Bapak/Ibu sempat berdiskusi dengan petani lain? Bisa diceritakan bagaimana isi pembicaraannya?
12. Dari diskusi atau obrolan dengan sesama petani, apakah pandangan Bapak/Ibu terhadap kemitraan ini berubah? Seperti apa perubahan itu?
13. Menurut Bapak/Ibu, informasi atau kabar dari rekan petani itu berpengaruh besar dalam membentuk keputusan atau sikap pribadi Bapak/Ibu?

e. Keputusan untuk Melakukan Resistensi

14. Apa yang terjadi hingga akhirnya Bapak/Ibu memutuskan untuk tidak lagi menyetorkan hasil panen ke pihak PT Djarum?
15. Apakah Bapak/Ibu menyadari bahwa tindakan itu bisa dianggap “melawan” atau keluar dari kesepakatan? Bagaimana Bapak/Ibu memaknai tindakan tersebut?
16. Saat mengambil keputusan tersebut, dengan siapa Bapak/Ibu berbicara? Bagaimana obrolan itu memengaruhi keputusan akhir?

17. Saat itu, apa yang Bapak/Ibu pikirkan dan rasakan secara pribadi?

f. Makna Kemitraan Setelah Resistensi

18. Setelah mengambil sikap tersebut, apakah Bapak/Ibu melihat kemitraan ini secara berbeda dibanding saat pertama kali ikut?

19. Jika boleh jujur, bagaimana Bapak/Ibu memaknai kemitraan ini sekarang? Apakah terasa merugikan, mengecewakan, atau ada hal positif juga?

20. Apakah Bapak/Ibu pernah diajak bicara lagi oleh pihak PT Djarum setelah resistensi? Jika ya, bagaimana respons mereka? Dan bagaimana Bapak/Ibu menanggapi?

g. Penutup Reflektif

21. Kalau boleh menyampaikan pesan untuk petani lain yang sedang ikut kemitraan, apa yang ingin Bapak/Ibu sampaikan?

22. Apakah ada hal lain yang belum ditanyakan tapi ingin Bapak/Ibu ceritakan terkait pengalaman kemitraan ini.

Kode Informan: Informan I

Tanggal Wawancara: 14 Mei 2025

Durasi: [43 menit 57 detik]

Lokasi: Rumah Kerabat Informan

Catatan: Transkrip ini bersifat *verbatim* dan mempertahankan gaya bahasa asli informan. Emosi dan jeda ditandai dalam kurung.

TRANSKRIP WAWANCARA

[00:00]

Informan I : Basa jawa-an?

Peneliti : Basa jawa mawon

[00:04]

Peneliti : Ngene iki sak derenge matur suwun, nggih. Sampun purun dados narasumber, sakderenge mulai niku kula ajeng badhe tanglet, niku asmane panjenengan sinten? Lan mulai kapan mpun dados petani tembakau?

Informan I : Nggih. Namine kula Khoirul Anam. Dados petani tembakau itu hampir 5 tahun.

[00:26]

Peneliti : 5 tahun?

Informan I : Ya.

[00:27]

Peneliti : Berarti dari tahun 2020?

Informan I : 20 (diam sebentar) 20

[00:34]

Peneliti : 2020. Nah, nika angsal jenengan ceritaaken sekedik asal mulane panjenengan dados petani. Niku amargi jenengan saking keluarga petani nopo pilihanne sampeyan piyambak?

Informan I : Ini dari keluarga petani, mengikuti jejak orang tua.

[00:53]

Peneliti : Heem. Awale pripun berarti?

Informan I : Ya. Pengen.

[00:57]

Peneliti : Kok dados petani?

Informan I : Ya kan itu agak enak. La kalau kerja itu, saya ki tidak suka sama pekerjaan proyek. Saya yo juga pernah kerja di rumah sakit. Tapi nyaman di petani.

[01:15]

Peneliti : Ehmm. Nggih, Nggih. Petani. Nah, niku niku kan berarti kan jenengan setelah jadi petani, beberapa waktu tahun lalu kan wonten informasi soal kemitraan Djarum, ngoten nggih? Nah, niku saged jenengan ceritake nopo mboten? Pripun awal e jenenge saged ngertos program kemitraan Djarum niki?

Informan I : Nggih kula, ngalami yo dihubungi sama orang lain. Nah, kemitraan itu kan harga ditentukan.

Peneliti : Hmm.

[01:50]

Informan I : Nah, mitra yang ini kok tidak ditentukan dadi petani itu agak mamang.

Peneliti : Mboten. Awal mulane, awal mulane sing pertama kali sampeyan mireng wonten kemitraan Djarum niki sing sinten? Maksude ngoten.

[02:04]

Informan I : Ya, dari (diam sebentar) kakak kula. Mas Birin itu.

Peneliti : Oh, Mas Birin.

[02:11]

Informan I : Iya.

Peneliti : Heem.

[02:12]

Peneliti : Nah terus, nah berarti kan jenengan mireng saking kemitraan nggih berarti? Nah, niku jenengan kok akhire tertarik nderek kemitraan niku awal mulane pripun? Saged diceritake, mboten?

Informan I : Itu kan, kemitraan dari Mas Birin nah itu kan. Harga sudah ditentukan, nah mitra yang. **Peneliti** : Mas Birin niku kemitraan nopo?

[02:29]

Informan I : Kalau gak salah itu, Merbabu.

Peneliti : Hmm.

[02:41]

Informan I : Harga udah ditentukan, lha dari petani bakul sini sudah turun. Lha nggene Mas Birin niku masih naik terus. Sampai pucuk pucuk pucuk, itu semakin baik kualitas.

Peneliti : Heem.

[02:58]

Informan I : Nah, kalau ini kan mengikuti pasaran, dadi kan itu petani agak mamang, mudah ruwet, yang satu mamang sisan.

Peneliti : Nggih niku kan, mengkeh masalah nikune. Jenengan mboten yakin. Nah, jenengan pas pertama kali nderek kemitraan Djarum niku

jenengan tertarik nderek niku mergo nopo? Ngoten loh maksude.

[03:19]

Informan I : Nggih. (diem sebentar). Lha kan sengertos e kula kan niku. Harga semakin naik. Lha disini kok harga tidak ditentukan.

Peneliti : Mboten. Sing pertama kali, kok napa jenengan akhire, ah aku melu mitra Djarum ah. Nah niku.

[03:42]

Informan I : Ohh.

Peneliti : Napa. Napa alasan jenengan pas niku ngoten lho?

[03:47]

Informan I : Yo, agak tertarik (ketawa). (diam sesaat)

Peneliti : Pas niku, jujur mboten napa-napa.

[03:56]

Informan I : Ketokne kok kepenak. Yo pertama yo mengikuti aja, pie proses e, enak po gak, kan ngoten. Mengikuti. Lha nak penak yo mesti kula ikuti. Lha ternyata kan, harga tidak tentu. Gak ada cek-cekan di lapangan kan gitu.

Peneliti : Cek-cekan di lapangan niku maksude?

[04:21]

Informan I : Biasane nak mitra niku kan di cek ning lapangan. Wayahe ngunduh yo dioyak. Wayahe ngene dioyak. Tanpa dioyak blas, kan ngoten Mas.

Peneliti : Oh.

[04:32]

Informan I : Biasane dioyak wayahe kan diparani. Mas Birin kae kan diparani per omah per omah.

Peneliti : Hmm.

[04:41]

Informan I : Iki kan blas. Carane ki koyok cul-culan, ngoten Mas.

Peneliti : Oh, nggih nggih. Nah, terus. Nah, eh pas pertama kali jenengan nderek kan niku kan jenengan nate nderek mitrane Merbabu. Mpun ngertos kondisi kemitraan Merbabu.

[04:58]

Informan I : Nggih nggih.

Peneliti : Oh, jebule penak niki kemitraan Merbabu.

[05:01]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Lha niku, eh wong kan mboten tiyang sanes, sing akhire mempengaruhi jenengan purun nderek kalih kemitraan Djarum?

[05:12]

Informan I : Mhmm. Eh kan awal mulane kan kula nyoba-nyoba. Jajal penak po rak? Sak mburine pie? proses e. Lha, lha iku gegara kula mundhur, yo gegara rega mboten menentu. Kok mengikuti pasaran. Nah, mitra koyo Mrabu, koyok iki nggonne Pak Mul wingi. Rega semakin munggah. Nah, nak iki kan mengikuti harga. Nek mudhun ya mudhun. Yo kan rodo males. Lha ngoten.

Peneliti : Heem

[05:45]

Informan I : Kudune kan nek mitra iku kan ditentukke rega, jebret sekian. Jadi petani kan penak. Jadi cara ngemeng gawe aku nek wayahe ngoten kan biasane nak petani kene, kidul wong kene ngemeng rodo akeh-akeh dimbus ngono. Pokoke, yo ngemes sepuluh mboh pinten ngoten. Lha, nek Mrabu nggone Pak Mul. Rega ditentuke, dadi 60 ke atas dadi kan luwih penak. Cara ngame rodo ngaten. Nganti yo nomor sijine yo iso jogo kualitas.

Peneliti : Hmm.

[06:21]

Informan I : Lha, nak iki kan arahanne cara ngameh yo orak diarahke. Nek nag gonne Pak Mul kan wingi diarahke. Ngameh sithik ngko rego sekian, ngoten.

Peneliti : Hmmm. Oh, ngoten. Arahan jelas, nggih? Lha tapi pas sampeyan ndherek kemitraan Djarum niku, pertama kali ndherek niku wonten sing ngengken jenengan ndherek kemitraan Djarum nopo mboten?

[06:47]

Informan I : Yo tetep ono sih.

Peneliti : Sinten niku sing ngengken?

[06:50]

Informan I : Pertama kae kan, Pak Mul. Langsung, Pak Mul mengundurkan diri kan, langsung Pak Musri ki kui melu mitra. Utawa nak rega penak ngoten.

Peneliti : Oh, berarti saking Pak Musri, berarti nggih? Oh, nggih. Terus, sebenere ketika sampeyan bar ditawani Pak Musri, lha niku harapanne sampeyan teng kemitraan Djarum niku nopo? Angan-anganne sampeyan ngoten lho.

[07:14]

Informan I : Yo iku, harga nak saged nggih stabil. Nggih ditentukke. Yo walaupun dewe modal e riyen. Nak rega ditentukke riyen, petani niku semangat. Lha cara rega mengikuti pasaran, Dadi kan cara petani rada mamang. Soalle proses mitra iku ruwet, yo kon metak i kon ngebali kan rodo ruwet. Nah, petani kene kan daripada resiko ngko nak mental, mending kan didol karo wong njobo luwih penak. Jebret. Timbang langsung bayar, ngoten.

Peneliti : Hmmm

[07:50]

Informan I : Penak e petani penting nomer siji penak. Enten penjelasanne.

Peneliti : Nggih nggih. Nah, niki pas anu kula ajeng mireng citane jenengan pas waktu ngalami. Nah, setelah jenengan mpun tertarik nderek mitra. Terus, akhire mpun ngertos, oh mitra niku Djarum kemungkinane ngeten-ngeten niki. Nah, jane kula ajeng proses, tanglet proses pas jenengan nderek mitra.

[08:19]

Informan I : Hmmm.

Peneliti : Pas jenengan akhire kan niku kan nate dikumpul-kumpulke ngoten Pak.

[08:23]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Dikumpulke oleh pihak Djarum. Nah, iku saged jenengan ceritake nopo mboten? Pas proses jenengan nderek mitra niki, misale pripon aturanne, terus pripon penyuluhane, terus pripon kewajibanne jenengan teng Djarum. Sak iling e jenengan mawon.

[08:42]

Informan I : Sak ilinge kula?

Peneliti : Nggih

[08:44]

Informan I : Niku kan proses pertama itu kan, memprediksi BMKG, cuaca. Nah, kumpulan kumpulan iku yo kula nderek cuacane gimana, pripon. Kan ngoten. Nah, yo akhir-akhire yo soalan rega kui sing marake petani males setor e iku. Seharuse kan kui petani kui ditentuke rega luwih penak. Lha, dari pihak Djarum kok neng-nengan, wayahe panen dijarke. Mboten enten kumpulan meleh. Neng-nengan ngoten lho, dari pihak mitra iku. Janne kan, luwih penak kan digawe parani per omah-omah, sing nderek mitra sinten, kan ngoten. Diparani, wayahe panen kapan, ngoten. Iku sing maraki males ncen iku dijarke, mboten kayak mitra liyane. Nek mitra liyane niku kan diparani ning omah. Oh ya iki wayahe panen. Rega yo wis ditentuke pas kumpulan-kumpulan iku. Lha, iki kok rega mengikuti pasaran. Lha, sing dikhawatirke petani iku kan, yo nak nggo mlebu. Lha nak mental kan proses e lumayan. Ngebal e tok wis ketok 50 ewu, 40 ribu sampe 50 ewu kan Mas. Dadi kan marake males petani ki, nggih.

Peneliti : Lha nak teng hariane, hari-hari ketika jenengan ketika nderek teng kemitraan niku, pripon komunikasine antarane pihak jenengan kalih pihak kemitraan. Niku petani.

[10:26]

Informan I : Petani mitra ya?

Peneliti : Petani kalih kemitraan niku pripon? Nopo nggih sering ketemu? Nopo nggih wonten pertemuan rutin? Ngoten, cubi jenengan ceritakke.

[10:35]

Informan I : Yo, iku. Yo kadang yo pas lewat-lewat, ngoten nggih tanglet kula. Lha pie kemitraanne. Kok regane kok regane beda karo pasaran. Kan ngoten mas. Pasaran dugi 67 la nak mriki kan kemitraan kok kemungkinan jek 63. Kok kacek e akeh men, kan ngoten. Lha kan tasih nanggung resiko, mpun mental po rak, kan ngoten.

Peneliti : Hmm. Berarti nggih tetep wonten komunikasi nggih?

[11:07]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Sampeyan kalih kemitraan?

[11:08]

Informan I : Wonten

Peneliti : Biasane jenengan petuk e teng pundi niku?

[11:11]

Informan I : Kadang yo teng sawah, teng dalan, ngoten niku.

Peneliti : Hmm. Kemitraan Djarum niku?

[11:17]

Informan I : Yo kemitraan kayak Djarum kayak tukang mbarang wingi kula petuk tukang.

Peneliti : Tukeng niku sinten?

[11:23]

Informan I : Yo sing nderek Mrabu niku,

Peneliti : Oh, mboten. Sing saking Djarum e. Nek sing saking Djarum.

[11:27]

Informan I : Sing Djarum kayak mbekasine kayak liya-liyane yo nek pas petuk ngono. Tapi mitrane weh ketok e ruwet lha ngono. Ruwet e yo kui, yo ijek motok, ijek ngene-ngene. Lho kok orak eneng pengarahanne blas kan.

Peneliti : Oh, nggih. Intine komunikasine nggih mboten sae, ngoten nggih kalih njenengan nggih.

[11:48]

Informan I : Hmmm.

Peneliti : Tapi nek menurut jenengan jarak kumpul-kumpulke niku, mpun sae nopo dereng niku? Misal kan sempet wonten kumpulan kan nggih. Saking kemitraan maringi kumpulan penyuluhan, pengarahane, niku sampun cekap nopo dereng?

[12:05]

Informan I : Yo nak menurut kula sampun cekap (diam sebentar)

Peneliti : Tapi pripon?

[12:13]

Informan I : Tapi yo ngono iku (tertawa).

Peneliti : Lha nggih, maksude secara pengarahane niku sampun sae nopo dereng? Ngoten

[12:18]

Informan I : Ya nak, pengarahanne iki kurang. Kula ngarani yo kurang, soal pemupukan, benten ngoten niku kan koyok e kurang. Biasane kan mulai pemupukan kan niku dari pihak mitra kan ngandani, iki wayahe pemupukan, kan ngoten. Lha iki kok jar-jaran, kan ngoten.

Peneliti : Hmmm.

[12:42]

Informan I : Koyok mboten wonten diarahke, namen soto wingi mpun diarahke jare sekian sekian. Iki dinggo beseran mpun diarahke, nggih sae. Tapi soal pemupukan, kok koyok e jar-jaran ngoten lho (ketawa).

Peneliti : Oh, nggih.

[12:56]

Informan I : Jane nak mitra kan enten sekian opo ki, mpun dinten hari kan mulai pemupukan, kan ngoten.

Peneliti : Hmm. Intine pengarahane

[13:09]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Pengarahane nandure mpun wonten?

[13:10]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Tapi untuk pemupukanne ternyata masih kurang sae, menurut sampyean?

[13:15]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nah, pas proses panen e pripun komunikasine?

[13:20]

Informan I : Lha, soal panen niku mboten enten komunikasi dari pihak mitra. Kok koyok jar-jaran mulai panen kok ayem meniku. Makane kan mboten wonten kabar-kabar soal panen kan ngoten. Biasane kan nek mitra kan, mulai panen ki cara nek sekian kudung sekian kudung, kan ngoten. Lha iki kok jar-jaran, mboten enten.

Peneliti : Mhmm. Mboten wonten nganune nggih, arahan

[13:46]

Informan I : Arahan. Arahan seko mitra niku.

Peneliti : Nggih nggih. Terus, ehhe menurut jenengan, jenengan kan mpun ngalami kemitraan.

[13:55]

Informan I : Mhmm.

Peneliti : Mpun mpun melalui proses e nggihan. Mpun nderek kumpul. Menurut jenengan, wonten mboten pengalaman sing menurut jenengan ngroso sebagai petani nku diperhatike. Utawa jenengan ngeroso seneng nderek kemitraan niki, wonten mboten perasaan niku muncul?

[14:14]

Informan I : Yo, tetep wonten. Soalle soal cuaca, dinggo beser kan enten pengarahane, cara jarak tanam e sekian sekian, kan ngoten.

Peneliti : Heem.

[14:25]

Informan I : Janne, yo seneng.

Peneliti : Mhmm.

[14:27]

Informan I : Sing getun seneng yo niku, yo komunikasine.

Peneliti : Nggih. La niki lanjut teng pertanyaan selanjute. Wonten mboten kejadian, nopo proses ingkang ndamel jenengan niku mboten nyaman, kalih mboten sampe gawe jenengan niku mboten purun nderek kemitraan meleh, ngoten niku?

[14:47]

Informan I : Yo, janne nak enten kemitraan nek enten penjelasan, kula ya janne purun. Tapi kan, kudu pasti soal rega. Kudu dipastike. Seumpa iki diutangi riyen yo dipastike kan ngoten.

Peneliti : Hmmm.

[15:06]

Informan I : Dari pihak petani ki, semestine ki enten kepastian, ngoten.

Peneliti : Kepastian terkait nopo niku?

[15:12]

Informan I : Yo soal rega, soal seumpama yo gawe niku, gawe diutangi riyin. Seumpama ki seumpama diutangi sekian, dipotong sekian, kan ngoten.

Peneliti : Heem.

[15:26]

Informan I : Lha, soalan rega kudu enten kepastian, rega sekian, kan ngoten. Lha, nak wingi kan mboten enten kepastian rega, mengikuti pasar. Dadi kan petani agak mamang.

Peneliti : Hmm. Berarti menurut jenengan daripada nderek kemitraan berarti nopo?

[15:43]

Informan I : Yo, malah di disade subuh subuh ngoten.

Peneliti : Oh.

[15:46]

Informan I : Luwih enak. Daripada resiko.

Peneliti : Mhmm.

[15:50]

Informan I : Sing dikhawtirke petani kan nak mlebu pabrik.

Peneliti : Mhmm.

[15:56]

Informan I : Niku kan nak mental, ngoten. Lha, wingi kan seumpama enten contoh riyen, iki mlebu kan ngoten, niku yo mboten nopo-nopo. Lha, kok carane rak ono kepastian niki diarah-arahke piye kok mboten enten. Kemitraan niku kan ngoten

Peneliti : Dari Djarum?

[16:18]

Informan I : Mhmm.

Peneliti : Nah, terus akhire berarti kan jenengan mpun nderek kemitraan piye, mpun masuk, mpun dijelaske, mpun ngalami kemitraan. Nah, terus akhire kan jenengan dereng ngertos kemitraan, bar nyemplung kan jenengan nembe ngertos to. Kemitraan jebule ngenten niki. Nah, niku waktu jenengan ngroso ragu kalih mboten nyaman, nopo nggih jenengan nate rembugan kalih petani-petani liyane, ngoten misal nopo ketemu tenng sabit, nopo ketemu teng warung. Lha, niku jenengan nate rembugan nopo mboten? Ngobrol-ngobrol soal, iki nasibe mbako pripun? Nah, ngoten niku lho. Nate mboten, nak misale wonten, cubi jenengan ceritake proses e pripun niku?

[17:06]

Informan I : Ya nek, wonten niku wonten. Lha ki piye rega mitrane, kok mitrane pie kok, ora jelas, ora koyok sing koyok pengalaman koyok, Lek Pri. Aku wingi melu mitra, yo ono jelas rega sing ditentuke. Lha, iki kok neng-nengan, kok tanpa woro-woro kan ngoten.

Peneliti : Lek Pri niku nderek mitra nopo?

[17:28]

Informan I : Yo, pas sareng-sareng nek mboten salah Mrabu. Nek mboten salah. Sing mitra 2000 pinten kae, 19 nopo pinten kae.

Peneliti : Nggih.

[17:37]

Informan I : Nek mboten salah. Nah, nak sing mitra riyen kan penak.

Peneliti : Heem.

[17:46]

Informan I : Rega dusun mpun anjlok, rega mitra kan taseh ngangkat. Sing riyen kae.

Peneliti : Nggih.

[17:51]

Informan I : Taseh stabil.

Peneliti : Mmm.

[17:54]

Informan I : Lha, rega ning desa 20, teng mitra taseh sekawan doso kok Mas.

Peneliti : Mmm.

[18:01]

Informan I : Stabil ngoten, mboten mudun.

Peneliti : Heem.

[18:04]

Informan I : Lha, iki kok, eh lha iki kok wingi ditakoni mengikuti pasar, kan mudun mudun. Ngono loh, lha ngko nak mudun piye, kan ngoten. Yo, pilih langsung didol karo kui, bakul-bakul njobo kan ngoten.

Peneliti : Lha, nggih jenengan niku rembuganne pas niku kalih sinten? Ibarate maksude.

[18:19]

Informan I : Yo.

Peneliti : Nak jenengan. Sak ilenge jenengan mawon.

[18:21].

Informan I : Kadang yo karo Mbah Kajimin yo koyok.

Peneliti : Mbah Kaji sinten?

[18:25]

Informan I : Mbah Kajimin, koyok Lek Pri, kan ngoten. Yo crito-crito biasa ngoten lah kalau kita.

Peneliti : Mbah Kajimin kalih Lek Pri niku sami-sami petani?

[18:33]

Informan I : Nggih, sami-sami petani.

Peneliti : Tapi niku nderek kemitraan Djarum nopo mboten?

[18:37]

Informan I : Yo wingi, sareng-sareng kula niku, wingi.

Peneliti : Oh berarti, sesama.

[18:39]

Informan I : Sesama

Peneliti : Sesama kemitraan, nggih. Kula nderek wingking. Kula dereng kenal sedaya niku (ketawa).

[18:44]

Informan I : Nggih. Makane kan sharing sharing, walah kono kok koyok e rodo ruwet. Regane ora pasti, wis dol ning njobo wae sing wis pasti, kan ngoten Mas.

Peneliti : Mhmm.

[18:58]

Informan I : Nggih penting petani ki penak, ngoten.

Peneliti : Mhmm, La berarti karena teng misale jenengan beto teng Djarum pun niku mboten pasti hargane pinten.

[19:06]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nah, cuman nak teng mriki pengayaanne jelas, ngoten nggih istilaha?

[19:09]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Oke.

[19:13]

Informan I : Lha kan, njur banding bandingke mitra koyok nggonne Pak Mul wingi, sing Mrabu kui. Ning nggonne kono rega suwidak, wis stabil. Wayahe grundang kene yo ngko kono nak stabil, lha nak mudun. Kene malah rugi, karoan kan daripada mengko mudun langsung guwang ning njobo kui, bakul-bakul liyo.

Peneliti : Hmmm. Nah, terus jenengan mpun rembugan niki kalih rencang-rencang.

[19:37]

Informan I : Heem.

Peneliti : Petani sing nderek mitra.

[19:39]

Informan I : Nggih

Peneliti : Niku saking rembugan obrolan niku, panjenengan eh pandangan e panjenengan teng kemitraan niku sih sami nopo mboten? Kalih pas jenengan nderek pertama kali. Kan jenengan wau matur kemitraan wonten harapan.

[19:53]

Informan I : Nggih

Peneliti : Kangge petani. Lhah setelah jenengan rembugan kalih rencang-rencang niku wonten perubahan pandangan nopo mboten?

[20:01]

Informan I : Yo.

Peneliti : Nak misal e wonten perubahan niku, perubahanne kados nopo? Sing awale pripun dadi pripun?

[20:07]

Informan I : Yo, maleh rodo mamang nderek mitra niku. Ya, soal rega meneh. Nek petani ki soal rega, ngoten niku Mas.

Peneliti : Mhmm.

[20:15]

Informan I : Rodo mamang, Lha kok regane yo iku wis kula ceritake mboten pasti niku. Sing dikhawatirke kan yo niku, mangkeh nek mental.

Peneliti : Mhmm. Intine jenengan niku, wedi regane mboten pasti.

[20:30]

Informan I : Pasti.

Peneliti : Nopo mboten larang?

[20:33]

Informan I : Mboten pasti.

Peneliti : Mhmm.

[20:35]

Informan I : Lha, biasane kan (membersihkan tenggorokan) niku regane kok ora pasti, biasane kan nek mitra ditentuke. Rega sekian, kan ngoten.

Peneliti : Mhmm.

[20:47]

Informan I : Lha, nak sing mitra mitra nggenne Pak Mul kan mpun pasti kan luwih penak.

Peneliti : Mhmm. Dadi mboten masalah mboten larang e nggih. Jane nggih nyesuaikke barang, ngoten nggih?

[20:59]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nopo pripun?

[21:02]

Informan I : Yo penting kan nak dari pihak petani, rega ki kudu dipastike ngoten lah Mas.

Peneliti : Mhmm. Oh berarti misal e jenengan eh nderek kemitraan harga 50 ribu ya sampe akhir harus 50 ribu terus, ngoten berarti nggih?

[21:20]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nopo sesuai standar?

[21:22]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nopo pripun? Maksud nak angan-angane jenengan niku loh.

[21:26]

Informan I : Angan-angane yo seumpama rega njobo suwidak punjul, paling gak kan koyok wingi nggonne Pak Mul yo suwidak, standar. Terus ngoten sak telas e. Nah niku kan mboten pasti kan, mengikuti pasaran. Kan ngoten niku kan kami mulai ragu. Sing dicari yo rega pasti, ngoten.

Peneliti : Nah, terus pandangane jenengan bar ngertos model kemitraan Djarum ngeten niki, dados pripun? Jenengan mandang mitra niku nopo akhire?

[21:55]

Informan I : Yo, piye ya koyok ragu nek melu mitra kui meneh, ngoten (ketawa).

Peneliti : Oh. Meragukan, ngoten nggih? (ketawa)

[22:02]

Informan I : Meragukan.

Peneliti : Nah, terus menurute jenengan kan jenengan bar sharing sharing kalih rencang-rencang. Nah niku informasi saking rencang niku wonten pengor e mboten kalih pendapat e jenengan mau?

[22:16]

Informan I : Yo niku yo. Hampir podo soal rega, ngoten. Meh bahase yo soal rega, ngko nak regane ngene-ngene, ngko nak mental, kan ngoten. Yo nomor sijine yo malah wedi mental e, kan ngoten.

Peneliti : Heem.

[22:30]

Informan I : Lha, nak rega dipastike, kan cara metik godong e kan dipastike rodo ngati-ngati, kan ngoten.

Peneliti : Mhmm. Nggih karena intine kepastian kalih wedi mental.

[22:43]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Kalih ribet, ngoten nggih berarti, nggih? (ketawa). Setelah ndelok kondisi kemitraan ngoten berarti.

[22:52]

Informan I : Mhmm.

Peneliti : Nah, setelah jenengan kepikiran niku kan berarti jenengan langsung, rodo males niki kalih Djarum, nggih? Nah, niku nopo sing terjadi niku setelah rembugan-rembugan niku, nopo sing terjadi hingga akhire jenengan mboten mutuske damel mboten nyetorke panene jenengan teng pihak Djarum? Niku nopo sing akhire, wis lah mboten sah lah, ngoten niku. Momen e kapan? Tasih ileng mboten jenengan?

[23:22]

Informan I : Kapan ya (diam sebentar). Lha, awit e Kang Musri setor kan rodo ribet, regane yo standar. Yo ngko nak mundak, nak mudun kene. Kan kene ono ngaturaken ngko (diam sebentar) wayahe blumbang blumbang kan ngoten niku. Maleh kene selak gi ngedol karo njobo, kan ngoten.

Peneliti : Mhmm.

[23:48]

Informan I : Blumbang blumbang, alah yo rega mitra orak pasti ek, karoan bar blumbang yo langsung didol i kabeh karo bakul-bakul njobo.

Peneliti : Mhmm. Berarti setelah matur wonten penurunan harga, nah terus jenengan akhire wislah mutuske dol njobo mawon.

[24:09]

Informan I : Nggih. Lha soalle mitra mboten enten penjelasan soal rega piye piye piye, ngoten to Mas. Yen enten penentuan rega yo langsung.

Peneliti : Nah terus, terus bar jenengan memutuskan damel mboten setor niku kan berarti kan, opo jenengan niku sadar nopo mboten nak tindakan niku sebenere ngelawan. Utawa mboten sesuai kalih perjanjian kemitraanne jenengan. Waktu niku pandanganne jenengan pripun tentang kemitraan niku?

[24:48]

Informan I : (diam sebentar) (ketawa)

Peneliti : Mboten nopo nopo (ketawa) jujur mawon. Kan istilahe teng mriki kan jenengan sing gadah barang, nggih to Pak. Nah, jenengan sing gadah barang, jenengan nggih sing nandur. Nah niku kan berarti kan jenengan wonten perjanjian kalih kemitraan sak derenge.

[25:04]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nek sak umpamane ajeng setor niku, mpun wonten perjanjian? Nah, jenengan sadar nopo mboten nak niku tindakan melawan sebenere.

[25:12]

Informan I : (ketawa) Jane yo janne sadar, tapi kan dari pihak mitra wae koyok diculke.

Peneliti : Mhmm.

[25:25]

Informan I : Siji diculke, nomor loro mboten enten kepastianne niku.

Peneliti : Mhmm.

[25:31]

Informan I : Janne kan nak dari pihak enten kepastian, petani kan rodo semangat. Wayahe panen

kan cul-culan. Lha, pikirane petani kan malah mitrane yo rak ngurusi rek, kan ngoten (ketawa).

Peneliti : (ketawa) Berarti istilahé teng mriki kan sampeyan sadar sebenere, nggih. Cuman, pembelaanne sampeyan nggih wonten?

[25:55]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Pembelaanne nopo berarti niku wau?

[25:58]

Informan I : La yo niku, alah mitra wae cul-culan arek, ngeten. Nggih wayahe panen ora ono kepastian, ora ono kita ditinjau blas.

Peneliti : Mhmm.

[26:10]

Informan I : Kan ngoten. Biasane nak mitra kan ditinjau, wayahe wis wayahe panen, kan ngoten. Ditiliki, rumah per rumah kan ngoten. Lha iki, babar blas o, neng-nengan ok kan ngoten. Setiap mitra kan neg-nengan, panen cul bandul kan ngoten, Mas.

Peneliti : Nak sepengalamanne jenengan pas eh contoh mitra sing mboten cul-culan niku, mitrane sinten?

[26:35]

Informan I : Yo Mas e kula, yo wayahe panen niku dikontrol.

Peneliti : Mhm. Sing ngatur Mas e sampeyan piyambak maksude? Nopo tiyang pabrik?

[26:43]

Informan I : Yo dari pihak mitra niku.

Peneliti : Oh pihak kemitraanne?

[26:45]

Informan I : Nggih. Pas panen diparani, misale panen pak? sampun. Kan ngoten. Nah nek niki kan mboten, koyok cul-culan ngoten. Lha, Mas e kula wingi kan nggih nderek niki. Iki kok coro mitrane kok cul-culan, kok rak ono diparan-parani, kan ngoten. Biasane yo enten diparan paran sing sampun pengalaman, ngoten.

Peneliti : Nggih nggih (ketawa). Nah, terus ehkk waktu akhire jenengan mutuske damel mboten setor.

[27:16]

Informan I : Mhmm.

Peneliti : Niku kalihan sinten jenengan rembug e? Rembugan e niku loh, akhire wis yoh mboten sah setor. Nah niku terus priapun akhire obrolan niku saged mempengaruhi kalih keputusanne jenengan damel mboten setor.

[27:34]

Informan I : Ya sing maraki mempengaruhi soal rego, nomor loro kepastianne mboten enten.

Peneliti : Sinten e? Sinten e?

[27:41]

Informan I : Nah niku yo, ngobrol ngobrol biasa ngoten niku, malah orak pasti rek.

Peneliti : Nah, kalih sinten pas niku?

[27:47]

Informan I : Yo, tonggo sing nderek mitra niki.

Peneliti : Oh, sami-sami teng kemitraan Djarum?

[27:52]

Informan I : Nggih

Peneliti : Berarti rencang satu kelompok nggih, mboten petani liyane?

[27:56]

Informan I : Mboten

Peneliti : Nopo saking petani-petani sing senior-senior, nopo saking tengkulak nak niku?

[28:03]

Informan I : Yo seko petani-petani senior ngoten niku o.

Peneliti : Hmmm.

[28:06]

Informan I : Lha, kan. Lha kae sing nggonne Pak Mul wae, mitrane jelas kok, rega wis dijelaske, ngene jelas. Iki kok ora jelas yo koyok males, meragukan. Petani ragu, paling ragu gek niki.

Peneliti : Hmmm.

[28:22]

Informan I : Nah koyok Pak Mul wingi kan jelas. Rega wis ditentukke. Bahkan, mriki wis mpun mboten pajeng. Nggonne Pak Mul taseh pajeng, kan ngoten Mas.

Peneliti : Oh, intine wonten jaminan payu.

[28:35]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nah, nggih kula saged (ketawa) krungune ngoten paling. Nah, tapi maksude ehh jenengan sempet rembugan mboten kalih sak liyane petani sing dalam sama-sama mitra niku?

[28:52]

Informan I : Yo, yo mung tanglet tanglet. Pie iki mitrane teruske po rak? Yo ngoten niki nggih yo jawabanne nggih ngoten, yo mboten enten kepastianne niku.

Peneliti : Nak saking keluarga? Wonten, keluarga nggih termasuk garwa, termasuk kayak, adik e jenengan opo wong tua ne jenengan misal e wonten niku wonten pengaruh nopo mboten saking sekitar niku?

[29:16]

Informan I : Nak garwa ne kula yo penting payu ngoten, daripada nak mitra rak jelas kan ngoten. Halah sak payu kene, payu rega rono adoh-adoh, kono regane durung mesti. Yo intine ki penting soal rega niku Mas (ketawa).

Peneliti : Nah, terus nak ketika kan niku kan mpun angsal informasi, nak mitrane mboten jelas, mboten ngertos rembugan rembugan nggih jebule pancen pancen moten gathuk. Nah niku nak jenengan piyambak secara pribadi niki, mboten wonten pengaruh saking liya-liyane, sing jenenge raoske niku nopo? (diam sebentar) Ngerasa priapun kalih kemitraan niki?

[30:01]

Informan I : (ketawa) yo rodo kecewa kan butuh pasti koyok e kan ngoten.

Peneliti : Hmm.

[30:08]

Informan I : Sing kula karep wingi kan sing rega dipastike. Nah, kula terakhir kumpulan kan

tentang rega, kok mengikuti pasaran, kan ngoten. Wah, kurang mathuk nek ngikuti pasaran. Tur yo kumpulan terakhir niku kan bulan opo kae wayahe babut demangir ketoke. Nah, turine wayahe panen ajeng dikumpulke meleh. Kan mboten enten kumpulan meneh niku, Mas. Wayahe panen, wayahe metik nika.

Peneliti : Heem. Heem

[30:38]

Informan I : Mpun mboten wonten kumpulan meneh, wah paling yo ora tenanan mitrane paling (ketawa).

Peneliti : Nggih, sampeyan ehh ada kekecewaan pertama nggih soal kepastiaanne teng nopo ngemong petani ne niku nggih, istilahe nggih?

[30:57]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Oh. Nggih. Terus, (diam sebentar) nah jenengan kan wau mpun wonten pengalaman, kemitraan sae, nderek kemitraan terus kan akhiré jenengan memutuskan damel nderek kemitraan Djarum. Mpun proses nglakoni ternyata wonten ketidaksesuaian kalih kekarepanne jenengan.

[31:25]

Informan I : Nggih (ketawa)

Peneliti : Nah terus, bar jenengan ngertos kemitraan niku jerone oyok nopo, pandangan pandanganne jenengan tasih sama mboten kalih pas jenengan mandang kemitraan pertama kali dikenalke teng jenengan?

[31:41]

Informan I : Yo, pertama kumpulan ketokne rodo penak, tapi akhir-akhir e yo rodo kecewa. Kepastianne mboten enten, kan ngoten. Utawa wayahe panen kok rak ono kumpulan meleh, biasane nak wayahe panen kan ono kumpulan, kan ngoten. Iku kok koyok neng-nengan ngoten loh. Janne wayahe metik, kumpulan meleh, proses e pripun-pripun, kan ngoten. Dijelaske.

Peneliti : Menuruté jenengan berarti kemitraan niku pripun? teng pendapaté jenengan kemitraan pripun? Dari jenengan ngertos kemitraan ngeten niki, terus sing tertanam teng otak e jenengan niku kemitraan niku pripun?

[32:26]

Informan I : Sing ke piye?

Peneliti : Setelah ngertos proses e ngoten lho, lha sing sing tertanam teng otak e jenengan niku kemitraan niku pripun sih? Teng otak e jenengan.

[32:35]

Informan I : (ketawa).

Peneliti : Heem.

[32:37]

Informan I : Yo ngerti kula yo rodo kecewa kemitraan niku. Tapi nak ndeloki kemitraan liyane kok penak, sing iki kok rodo males, kan ngoten. Seko nggonne Pak Mul niku kan penak, enten proses-proses e, diarahke, wayahe metik diparani, kan ngoten. Enten kumpulan, rega yo wis dipastike. Nak sing niki kan, koyok cul-culan. Lha nak jenenge

mitra yo beda-beda tiap mitra. Nah, sing dikarepke petani yo itu, soal rega dipastike, wayahe metik enten kumpulan meleh, kan ngoten.

Peneliti : Hmm. Nah, nak niki nak misale jenengan purun jujur ehh, pripun anggepanne jenengan teng kemitraan jarum sak niki. Sak niki jenengan mandang kemitraan Djarum niku pripun sih? Sak niki. Nopo ngroso ngerugike? Nopo ngecewake? Nopo wonten hal positif e? Menuruté jenengan pripun?

[33:41]

Informan I : Yo nak sing wingi yo kecewa. Mitra wingi kui.

Peneliti : Hmm.

[33:45]

Informan I : Tapi yo, yo enten hikmah e ya iku. Enten pengarahane cara nanem e, seutawa jarak e sekian sekian, kan ngoten. Kan enten pengalamanne, soal mangkeh disemprot pupuk NO, kan ngoten. Penting kan ngurangi kadar urea kan ngoten.

Peneliti : Hmm. Maksudé pengarahanne tetep jenengan tampi sebagai hal positif, nggih?

[34:13]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Cuman elek e nopo niku berarti?

[34:16]

Informan I : Yo elek e yo niku (ketawa) mboten wonten kepastian e.

Peneliti : Oh. Nggih, nggih.

[34:20]

Informan I : Wayahe panen soal rega yo mboten dipastike, wayahe panen yo mboten enten kumpulan.

Peneliti : Hmm. Tapi nek ngerugike mboten, nggih sakjane ?

[34:30]

Informan I : Nggih mboten. Janne mboten, nggih sae janne. Tapi yo kui kok rodo kecewane yo kui, mboten ono pengarahanne soal panen, soal rega, kan ngoten. Penting wong petani niku, soal rega dipastike nak seumpama mitra niku. Kan enten bandinganne.

Peneliti : Hmm.

[34:49]

Informan I : Mitra liya, kan ngoten. Nah, nak mitra sing daerah Weleri nggih ngoten. Sekian rega, dari pertama sampe telas, kan ngonten niku. Enten kepastiane rega, kan kula gadah apa ki rencang teng Weleri kan ngoten.

Peneliti : Nggih kemitraan Djarum? nopo mboten?

[35:11]

Informan I : Yo nak kemitraan Djarum nopo mboten kula mboten tanglet-tanglet e.

Peneliti : Oh ngoten.

[35:17]

Informan I : Nggih. Oh nak mitrane kene penak kok, dadi rega dipastike kan ngoten.

Peneliti : Oh, berarti jenengan nggih sempet wonten komunikasi kalih teng rencang Weleri berarti?

[35:26]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Hmm. Petani teng Weleri ngoten? nopo sinten niku?

[35:31]

Informan I : Yo, rencang.

Peneliti : Hmm. Sami-sami nandur?

[35:34]

Informan I : Nggih, mbako.

Peneliti : Mbako, nggih nggih. Cuman kan varietas e beda, nggih?

[35:37]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nek niki kan cerupung nek niku kan weleri, ngoten. Nah terus, eeh bar jenengan mboten nate setor niku. Niku nate mboten jenengan diajak ngobrol kalihan petani? Sak rampunge jenengan mboten setor, nate mboten diajak ngobrol kalih pihak.

[35:]

Informan I : Petani?

Peneliti : Kemitraan kemitraan, misale nate. niku response tiyang kemitraan pripun? Lan tanggepan jenengan kados pripun?

[36:03]

Informan I : Mboten nate o, Mas. Langsung cul gandul blas disisanke o.

Peneliti : Oh.

[36:08]

Informan I : Kan, niku pas terakhir kumpulan disisanke babar blas mboten enten rembugan meleh kemitraan o.

Peneliti : Sama sekali nggih?

[36:16]

Informan I : Sama sekali. Babar blas.

Peneliti : Hmm. Berarti memang dilepas, ngoten nggih.?

[36:20]

Informan I : Yo cul-culan, kan ngoten (ketawa)

Peneliti : (ketawa) nggih, nggih, nggih. Mpun niki pertanyaan-pertanyaan penutup niki, mpun ajeng rampung. Niki, menawi saged jenengan damel pesen damel petani-petani liyane sing ajeng nderek kemitraan, niku jenengan ajeng nyampaike pripun?

[36:41]

Informan I : Hmm.

Peneliti : Misal e wonten petani niki

[36:43]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Ajeng nderek kemitraan, nah jenengan bakal matur pripun teng petani niku?

[36:49]

Informan I : Yo, nak saged kan enten kemitraan yo niku, rega yo kudu dipastike kan ngoten.

Peneliti : Heem.

[36:57]

Informan I : Yo penting, rega iku. Sing dipastike ki rega.

Peneliti : Hmm.

[37:02]

Informan I : Nomer sijine. Nomer lorone yo kui, yo nak rega dipastike yo kudu tanggung jawab. Kan soale dari pihak mitra yo wes, nak enten kepastian yo tanggung jawab.

Peneliti : Hmm. Misale jenengan gadah tonggo.

[37:19]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Tonggo tanglet kalih jenengan, Mas Anam niki kula ajeng nderek kemitraan Djarum niki, saranne sampeyan pripun? Nah (ketawa)

[37:29]

Informan I : Yo nak saran e kula yo, angger nak mitrane kui rodo jelas, cara enten penjelasan, koyok rega wis jelas, enten penentuane regane, nek jelas yo rakpopo. Apik wae. Tapi, nak koyok nengnengan koyok sing tak lakoni yo mending ojo, mung ngentekke waktu kumpulan-kumpulan, ngoten.

Peneliti : Hmmm.

[37:53]

Informan I : Mending digae nyambut gawe liyane, nak mboten enten penjelasan.

Peneliti : Hmmm

[37:57]

Informan I : Penting, yo petani yo regane kui, sing pasti.

Peneliti : Nggih nggih. Lha, niki mpun tanglet pertanyaan katah niki.

[38:06]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Ket mau. Nah, diluar pertanyaan-pertanyaan sing kula paringke niku wonten nopo mboten cerito nopo komentar e jenengan sing pengen jenengan sampaike saking saking pengalaman kemitraan niku. Nopo jenengan nate pripun, hubungan kalih kemitraan? Wonten mboten sing ajeng jenengan ceritakke? Rak ketang sekedik, nak wonten mboten nopo-nopo.

[38:24]

Informan I : (ketawa) ge pengalaman mitra niku nak disampaike?

Peneliti : Nggih.

[38:30]

Informan I : Yo, eh dari pihak mit (berhenti sejenak)?

Peneliti : Jenengan to.

[38:35]

Informan I : Nyampaike. Nyampaike dari pihak.

Peneliti : Maksud kan, kula kan wau kan mpun tanglet pertanyaan katah.

[38:38]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Kan mesti kan wonten cerito jenengan dereng disampaike teng kula to.

[38:42]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Menawi wonten, wonten mboten cerito sing dereng jenengan dereng sampaike?

[38:48]

Informan I : Ketokne yo cukup, Mas (ketawa).

Peneliti : Oh, ngoten.

[38:51]

Informan I : Yo jelas, penting intine yo soal rega niku sing dipastike.

Peneliti : Hmm. Berarti misale wonten ehhe kemitraan lain menawarkan harga sing tetap, pasti ngoten niku sampeyan nggih tetep derek mestine niku?

[39:07]

Informan I : Yo, nggih. Nak regane pasti, tetep nderek. Nak wingi kula terakhir kumpulan kan sing rodo mboten sreg kan niku. Harga mengikuti pasaran, kan ngoten.

Peneliti : Heem, heem. Nah tapi biasane sampeyan nak saumpamane ngerembug harga, ngerembug tanem, ngerembug nderek kemitraan niku biasane rerembuganne kalih sinten?

[39:27]

Informan I : Biasane kan mitra wis nentukke rega.

Peneliti : Lha maksude sampeyan rembugane enten, eh nganu opo nandur-nadur, rembugan nadur, kapan yo nandur, kapan ki dipanen, ki melu kemitraan iki po rak? Biasane jenengan niku rembuganne kalih sinten? Ngoten, kula ajeng ngertos.

[39:47]

Informan I : Yo, pertama yo tanglet garwa ne kula.

Peneliti : Hmmm.

[39:51]

Informan I : Dadi, piye nak melu mitra piye, kan ngoten.

Peneliti : Hmmm.

[39:54]

Informan I : Yo, dijajal menawa penak. Nak penak yo lanjutke, nak rak penak yo, yowis, lha kan ngoten.

Peneliti : Terus, selain garwa ne jenengan. Kalih sinten malih?

[40:03]

Informan I : Yo, kalih garwane kula biasane nak rembugan. Nak petani liya biasane niku, rada males o. Soalle rodo ribet nak mitra kan, biasane ngeballi, ngoten.

Peneliti : Hmmm. Nah, terus nak sing saking kan, wingi jenengan kan ehhe mitrane mitra MU nggih asmane niku nggih?

[40:21]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nah dari mitra MU niku, sampeyan sing dadekke patokan, pedoman kula nak niku ngelakoke ngeten, kula nderek. Nah niku sinten? Wonten mboten?

[40:33]

Informan I : Sing, nderek. Yo, kula kan, yo ceritane Mas e kula sing pernah nderek mitra kok penak men.

Peneliti : Nggih.

[40:41]

Informan I : Soal rega, desa mudun, kemitraan tasih anteng, kan ngoten.

Peneliti : Hmmm.

[40:50]

Informan I : Sing pernah kula ceritani koyok Mas Birin niku yoan. Kok penak men kae, ning desa wis mudun, kok mitra ijek anteng regane.

Peneliti : Niku Mas Birin niku nderek kemitraan Djarum?

[41:00]

Informan I : Mbot (berhenti sejenak) yo nak wingi derek.

Peneliti : Oh wingi derek.

[41:02]

Informan I : Tapi yo nggih mboten ngertos, kok beda karo sing riyin, kan ngoten.

Peneliti : Oh, Mas Birin e nggih berpendapat ngoten?

[41:09]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Oh.

[41:10]

Informan I : Nak sing ndisik penak kok.

Peneliti : Hmm.

[41:13]

Informan I : Rega pasti. Desa mudun, kene ijek anteng rega. 2019 kan setahun dadi kan 2019 opo 2000 pinten kae. Sek, nek mboten salah ki (diam sebentar) 2011 eh.

Peneliti : 11?

[41:26]

Informan I : Nggih. Mitra (berhenti sejenak) kula tasih alit o.

Peneliti : Oh.

[41:32]

Informan I : 2011 nggih.

Peneliti : Kemitraan Djarum tapi nggihan? Mboten?

[41:34]

Informan I : Mboten.

Peneliti : Hmm. Lha nak kemitraan Djarum niki teng mriku nembe pertama nopo pas niku?

[41:39]

Informan I : Yo. Niki nembe pertama o.

Peneliti : Teng, tiyang mriku nggih nderek e nggih nembe niki?

[41:43]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Oh. Nggih. Lha nggih nak sak umpamane nembe pertama paling nggih coba-coba berarti istilahe?

[41:51]

Informan I : Nggih. Coba-coba penak po rak, kan ngoten.

Peneliti : Hmm. Berarti istilahe nak saking pihak rencang-rancang satu kemitraan niku, satu petani kemitraan niku wonten sing jenengan dadekke patokan nggih Mas Birin niku wau berarti?

[42:05]

Informan I : Mas Birin, Lek Pri sing pernah nderek mitra.

Peneliti : Mitra lain maksude?

[42:09]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Sak liyane Djarum

[42:10]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Terus sampeyan nderek nggih mergo niku?

[42:14]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Mboten setor nggih mergo niku? Ngoten berarti?

[42:17]

Informan I : Yo, nak mboten setor e yo pendapate kula piyambak. Soal rega kok mboten pasti, kan ngoten.

Peneliti : Oh. Maksude nopo ajak ajakanne rencang?

[42:27]

Informan I : Mboten.

Peneliti : Oh mboten.

[42:29]

Informan I : Lha kok rega kok ora pasti.

Peneliti : Hmm. Tapi kan sampeyan tetep ono pertimbangan to?

[42:34]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Tanglet, tanglet tanglet e sampeyan kalih sinten?

[42:37]

Informan I : Yo, (diam sebentar) mulai tonggo-tonggo, ngoten. Nah, niki penak e piye yo, setorke mitra po ora yo. Nak mitra kok rodok, proses e rodo ruwet. Ijek ngotaki, ijek ngene-ngene.

Peneliti : Nah, tapi nak secara pribadi sampeyan ajak-ajak nopo mboten? Mboten kirim teng Djarum niku.

[42:56]

Informan I : Yo nak.

Peneliti : Nyaranke rencang ngoten lho?

[42:59]

Informan I : Mboten.

Peneliti : Oh mboten.

[43:00]

Informan I : Ndak malah tak tak takuti, setor ning mitra po rak? Halah kono neng-nengan ik. Setor rono, regane yo rak pasti rek. Ngono (ketawa)

Peneliti : Oh. Dadi sampeyan nggih ragu sek?

[43:11]

Informan I : Nggih, malah ragu.

Peneliti : Janne sampeyan pengene yo setor nak sak umpamane jelas?

[43:14]

Informan I : Nggih, nak jelas nggih setor. Tapi, kan mboten jelas, malah ragu. Soalan rega ya wis ragu.

Peneliti : Hmmm. Oh nggih. Neng-nengan barang niku nggih.

[Penutup]

[43:23]

Informan I : Mhm.

Peneliti : Oh nggih pun. Nggih pun, nak ngoten niki sampun rampung.

[43:26]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Wawancaraane, kula nggih matur suwun sampun diparingi wekdal.

[43:30]

Informan I : Nggih (ketawa)

Peneliti : Jarene Pak Musri kula nggih mboten wonten rencana sak niki, Pak Musri matur rakpopo tak undangke adiku, ngoten (ketawa). Nggih pun mangkeh selanjute nak misale kula wonten pertanyaan maleh kula hubungi sampeyan, ngoten nggih berarti nggih?

[43:43]

Informan I : Nggih. Nggih.

Peneliti : Misale wonten pertanyaan sing kula, Mas iki aku njaluk penjelasan neng kene mangkeh kula nyuwun nomor e sampeyan, ngoten.

[43:52]

Informan I : Mangkeh, dikirim Kang Musri mangkeh.

Peneliti : Nggih, nggih. Ngoten nggih, Mas nggih.

[43:55]

Informan I : Nggih.

Peneliti : Nggih. Matur suwun.

Kode Informan: Informan II

Tanggal Wawancara: 25 Mei 2025

Durasi: 26 menit 26 detik

Lokasi: Rumah Petani

Catatan: Transkrip ini bersifat *verbatim* dan mempertahankan gaya bahasa asli informan. Emosi dan jeda ditandai dalam kurung.

TRANSKRIP WAWANCARA

[00:00]

Peneliti : Nggih, sak derenge kula matur suwun nggih, Mas.

Informan II : Nggih.

[00:05]

Peneliti : Sampun purun dados narasumber kula. Mangkih niki kula rekam sedaya. Misal e jenengan mboten purun ditulis namane, nggih mboten nopo-nopo. Misal e purun nggih mangkih kula tulis namane jenengan.

Informan II : Nggih.

[00:16]

Peneliti : Tapi sak derenge kula ajeng tanglet, asmane jenengan sinten?

Informan II : Priyanoto Prahono

[00:20]

Peneliti : Sinten?

Informan II : Priyanoto Prahono

[00:22]

Peneliti : Panggilanne?

Informan II : Mas Noto.

[00:24]

Peneliti : Mas Noto?

Informan II : Nggih.

[00:25]

Peneliti : Oh, Mas Noto.

Non Informan: Lek Noto to

[00:27]

Peneliti : (ketawa) nah niku sampeyan mulai kapan dados petani tembaku?

Informan II : Sekitar 4 5 tahun.

[00:38]

Peneliti : Berarti dari tahun?

Informan II : Tahun 2020-an

[00:42]

Peneliti : 2020-an?

Informan II : Nggih.

[00:43]

Peneliti : Niku nembe terjun? teng.

Informan II : Nggih. Terjun sendiri maksudnya.

[00:48]

Peneliti : Terjun sendiri. Nah, terus saged sampeyan ceritake sekedik mboten, awal mula sampeyan

dados petani tembaku. Niku nopo pekerjaan pertama? Nopo sak derenge mpun nate kerja, nembe dados petani tembaku ngoten?

Informan II : Yaaa (diam sejenak) sudah pernah, kan dulunya sering diajak orang tua.

[01:10]

Peneliti : Oh.

Informan II : Yang, kalau misal harganya (diam sejenak) tinggi ya yang dijagain ya itu.

[01:20]

Peneliti : Oh, tembaku?

Informan II : Iya.

[01:24]

Peneliti : Karena dia sebagai ini ya, eh (diam sejenak) tabungan tahunan lah istilah nya begitu?

Informan II : Nah, gitu.

[01:30]

Peneliti : Bagi orang desa ya. Heeh. Heeh. Nah, terus berarti bertani tembaku ini karena pengen sendiri atau ada eh turunan dari orang tua sebenarnya?

Informan II : Sendiri.

[01:43]

Peneliti : Ehmm.

Informan II : Sendiri.

[01:44]

Peneliti : Sendiri, karena pengen sendiri ya?

Informan II : Iya.

[01:46]

Peneliti : Oh. Tapi sebelum nanem tembaku, lainnya ada tanaman?

Informan II : Tanaman bawang merah sama sayuran.

[01:56]

Peneliti : Ehm. Tapi sing paling mathuk?

Informan II : Ya tembakau.

[01:59]

Peneliti : Tembakau sebenere? (ketawa)

Informan II : (ketawa) Karena mudah.

[02:01]

Peneliti : Oh, mudah?

Informan II : Iya.

[02:04]

Peneliti : Nah, terus eh berarti kan sampeyan akhire tahun lalu setelah jadi petani tembakو sekitar 4 tahun berarti, nggih Mas?

Informan II : Nggih.

[02:11]

Peneliti : Setelah 4 tahun, sampeyan akhire ketemu sing jenenge eh kemitraan Djarum?

Informan II : Nggih.

[02:20]

Peneliti : Nah, niku awale jenengan ngertos kemitraan Djarum niku saged jenengan ceritakake mboten?

Informan III : Yang saya setorkan ini sebagian. Sebagian lagi saya setorkan ke tengkulak. Karena begini, kalau saya jual semua dan pada akhirnya rugi. Orang juga tidak mau bunuh diri seperti itu

[29:06]

Peneliti : Nah, berarti barang-barang yang jenengan setorkan ada tidak barang-barang yang belum panen tapi akhirnya jenengan ragu untuk setorkan kemitraan? Kan jenengan setorkan dua kali. Setelah dua kali itu, masih ada panen lagi atau ndak?

Informan III : Ya masih ada, ya akhirnya saya jual ke tengkulak

[29:26]

Peneliti : Karena jenengan merasa dirugikan

Informan III : Ya betul

[29:28]

Peneliti : Di kedua kalinya.. oh nggih. Nah tapi ketika jenengan akhirnya awalnya sudah mau ikuti aturan ikuti permainan Djarum, permainan kemitraan Djarum dan kemudian akhirnya jenengan tidak kirim lagi. Jenengan merasa kalau itu perbuatan yang melawan atau ndak?

Informan III : Kalau melawan sebenarnya tidak, Mas. Karena kalau dihitung-hitung sama. Sana juga tidak mau rugi saya sama, saya juga tidak mau rugi kan dari awal sudah jelas dikasih tahu tapi tidak dikasih kejelasan tentang pembelian itu dibeli semua atau tidak. Kalau dia merasa, oke kalau saya beli ini, saya beli semua saya rugi, berarti tak ambil yang tidak membuat saya rugi. Petani pun juga punya hak yang sama kan, Mas, untuk tidak rugi. Lha kalo saya jual semua padahal yang saya rugi, kan bunuh diri. Nah berarti kan sama-sama melanggar, sana juga melanggar. berarti mung pek penake dewe. Dewene gelem njipuk, ning lak untuk. Lak ora untung yo ora gelem. Saya petani juga punya hak kok, Mas. Tak jual kok saya rugi, ngapain? Sudah buang tenaga, sudah buang biaya kok pada akhirnya rugi. Karena kita juga punya hak,

hak untuk tidak rugi, Mas. Seperti itu. Seperti itu, Mas.

[30:42]

Peneliti : Terus ketika njenengan akhirnya sudah, ndak usah dikirim ke Djarum lagi. Nah itu, kepada siapa jenengan ngobrol pas itu? Masih inget ndak jenengan?

Informan III : Yo ra ngobrol, Mas. Wong nggak mau og lak dijual.

[30:53]

Peneliti : Yo ndak, maksude tapi jenengan sebarikan mboten ke temen?

Informan III : Woiyaa. Ke temen. Podo tanya, “piye kirim rono piye?” “Walah kirim ra mathuk” aku yo ngono. “Ra mathuk wong ndek kono kirime podo koyok tengkulak kok”, yo ngono, Mas.

Non informan: Proses e kakean tenaga, mbayar.

[31:14]

Peneliti : Berarti berarti ibaratnya jenengan ikut untuk bersuara ke teman-teman ya? **Informan III**

: Ya, pastinya niat awal kita itu untuk menciptakan teman-teman petani tembak. tapi kalau pada akhirnya rugi, saya menjerumuskan orang, Mas.

[31:26]

Peneliti : Tapi ketika ngerasa rugi itu jenengan ada komunikasi nggak dengan pihak staf kemitraan Djarum?

Informan III : Ada. kalau sistemnya seperti ini, Mas, “Kita rugi, Mas tapi” “Lha tapi gimana, Mas?” “Lha gimana pak, ini keputusan dari Djarum” Oh iya, sudah.

[31:32]

Peneliti : Respon mereka seperti apa, pak? Pas ditanya.

Informan III : Respon mereka ya juga itu, maunya menurut saya untung sendiri,

[31:46]

Peneliti : Respon mereka dari staff kemitraan? Ketika jenengan...

Informan III : “Pak, kok tidak kirim lagi?” “Ora cocok, Mas. Rugi. Iki wis mulai udan. La lek ndek kono regone wes kok tentukno yo kene wani kirim.” Ya, saya bilang seperti itu. [32:00]

Peneliti : Terus akhirnya, mereka?

Informan III : “Ya, gimana pak, keputusan dari pusat seperti itu, dari Djarumnya seperti itu.” sana juga tidak bisa, tidak berani memutuskan. Karena yang beli tidak pengurus kemitraan.

[32:13]

Peneliti : Yang beli pihak pembelian ya.

Informan III : Yang beli pihak pabrik intinya seperti itu.

[32:39]

Peneliti : Ya pembelian pabrik. Nah terus? Setelah ada perasaan di.. tidak beruntung ketika kirim, apa yang jenengan rasakan pas itu?

Informan III : Ya pastinya idak mau kirim lagi. Perasaannya seperti itu. Kalokoyok ngene tak terus-teruske, rugine soyo gede. Ya, pastinya seperti itu.

Non Informan: Remuk (ketawa)

Informan III : Remuk.

[32:45]

Peneliti : Setelah jenengan merasakan kerugian itu, pandangan jenengan pas awal kali ikut kemitraan, dengan akhirnya memutuskan untuk berhenti, ada perubahan pandangan ndak ke kemitraan?

Informan III : Pandangan saya ke kemitraan yang jujur kalau sistemnya seperti ini, yang jelas merugikan. Tapi kalau dibilang trauma tidak. Kalau ada kemitraan yang di situ punya komitmen jelas, perjanjian jelas. Yang pada intinya itu bisa menghabiskan milik petani. Yang pada intinya, 50-50 lah. misalnya, musim udan, regane nganu, yo sin penting panggah dituku. Seperti itu. Mbuh piye carane kono lak arep nego ke. Ngono, Mas. Tapi nak ora iso ngono. Yowes. Kene jual bebas wae.

[33:35]

Peneliti : Tapi kalau boleh jujur-jujuran. Jenengan menganggap kemitraan ini sebagai sesuatu yang merugikan, mengecewakan atau , Masih bisa diambil hal positifnya?

Informan III : Sebenarnya masih, Mas. Kalau mau berbenah kemitraan loh. Ya, yang saya bilang tadi. kalau trauma sebenarnya tidak. kita , Masih berharap ada kemitraan-kemitraan lagi dengan petani, yang intinya membuat sejahtera. Sejahtera itu apa? Satu, harga ditentukan. Yang kedua berarti ada pengikatan. mungkin dikasih modal dulu biar petani juga tetap jual. Yang ketiga, di situ berarti pembelian semua. Keuntungan dari kita ikut mitra itu satu, selisih dari timbangan kita sudah diuntungkan. Walaupun konsekuensinya kita secara operasional memang cukup banyak. Tapi kita sudah menghitung, Mas, operasional berapa, dengan selisih timbangan itu berapa, kita sebenarnya sudah untung, kalau harganya sudah ditentukan dari awal.

[34:38]

Peneliti : Nah, berarti setelah jenengan akhirnya, ah udah ah gak mau kirim lagi. Nah niku, ada respon lagi ndak dari pihak kemitraan?

Informan III : Ada.

[34:49]

Peneliti : Ngejar-ngejar jenengan akhire?

Informan III : Ada. "Pak kirim lagi pak" "Gak, Mas lak ga gathuk" Aku yo muni ngono. Ra cocok. "Ya, pripon, Pak". "Ra gathuk", intinya ra kirim

maneh. karena jaminane ra jelas. Iyo nak onok jaminan dituku kabeh, jelas. Aku yo muni ngono, Mas.

[35:09]

Peneliti : Berarti ada trauma kirim? Tapi gak ada trauma untuk dekat ke kemitraan?

Informan III : Iya. Kalau trauma kirim, iya pasti, karena kita berpikir tentang untung rugi. Kalau terus trauma untuk terus, tidak ikut kemitraan, sebenarnya tidak. tinggal bagaimana perjanjian awal dan kemitraan itu memberikan solusi agar petani itu tetap bisa bekerja sama. Seperti itu.

[35:36]

Peneliti : Oh nggih nggih. Nah, misalnya ada orang lain datang ke jenengan dan bilang kalau aku ditawarkan untuk ikut kemitraan Djarum. Apa respon jenengan? Saran jenengan ke dia akan bilang apa?

Informan III : Saya akan bilang begini, lihat dulu satu perjanjiannya, yang kedua komitmennya. Nah, lak nak kono kowe pengen melu, nek kono jelas. Yo silakan jenengan. Seperti itu mas. Tapi kalau menurut saya, yang poin pertama adalah komitmen perjanjiannya seperti apa, nanti merugikan atau tidak. Nah kalo tidak merugikan ya monggo, tapi kalau merugikan mending jangan. Pasti kasih sarannya seperti itu.

[36:25]

Peneliti : Nah, ada nggak dari tadi yang belum saya tanyakan, tapi ingin jenengan ceritakan soal kemitraan ini?

Informan III : Nggak ada, Mas. Karena pertanyaan jenengan sebenarnya sudah mewakili apa yang kita katakan. Berarti secara keseluruhan, yang kita inginkan ikut mitra itu, kenapa bahasanya kok mensejahterakan? Satu, harga dari awal sudah ditentukan. Yang kedua, kita mulai dari awal sampai akhir dibeli semua. Yang ketiga, berarti intens ada pertemuan. kita inginnya dikawal dari awal sampai akhir, seperti itu. Komunikasi lah, komunikasi yang baik dengan petani. Tapi yang jelas di sini yang tidak merugikan petani.

[37:10]

Peneliti : Oke, baik. terima kasih Pak Musri untuk wawancaranya. Semoga bisa saya rangkum dengan baik ya, Pak, ya. Matur suwun.

Informan III : Nggih, sami-sami. terima kasih juga , Mas, atas rawuhe jenengan.

Peneliti : Nggih nggih nggih.

Kode Informan: Informan IV

Tanggal Wawancara: 21 Mei 2025

Durasi: 41 menit 23 detik

Lokasi: Rumah Informan

Catatan: Transkrip ini bersifat verbatim dan mempertahankan gaya bahasa asli informan. Emosi dan jeda ditandai dalam kurung.

TRANSKRIP WAWANCARA

[00:03]

Peneliti : Assalamualaikum, Pak. Matur suwun sampun nampi kula teng mriki (ketawa). Niki ee kula sakderenge nggih ngucapke matur suwun jenengan sampun purun dados narasumber, purun kula tanglet-tangleti terkait kemitraan jarum sing jenengan eloni tahun lalu, niku tahun 2024. Nah, sakderenge mulai niku kula ajeng badhe tanglet nika asmane jenengan sinten, kalih jenengan niku sampun mulai kapan sampun dados petani mbako?

Informan IV : Nami kula Pak Sobirin

[00:36]

Peneliti : Nggih

Informan IV : Petani dari tahun 2001, nyampek sekarang

[00:44]

Peneliti : 2001 niku nembe (diam sejenak) nopo jenengan nembe rabi napa pripun?

Informan IV : Rabi '99

[00:50]

Peneliti : Oh, berarti 2 tahun setelah rabi. Sakderenge petani niku?

Informan IV : (diam sejenak) Nggih, petani kalih nyambi dagang

[00:59]

Peneliti : Oh, riyen dagang. Dagang niki? Sembako?

Informan IV : Nggih, kalih teng pasar

[01:04]

Peneliti : Oh, teng pasar. Dagang napa, Pak?

Informan IV : (diam sejenak) Riyen kan nderek Mak e, rabuk obat niki lo

Peneliti : Oh obat pertanian

[01:13]

Peneliti : Terus akhire tahun 2001, niku jenengan nandur mbako. Niku terus dugi sakniki napa nate putus-putus?

Informan IV : Nggih nyampekan

[01:22]

Peneliti : Oh, berarti setiap tahun pasti nanem mbako

Informan IV : Pasti

Peneliti : Hmm (diam sejenak) Nggih, alhamdulillah hasil nggih Pak nggih, nulung-nulungi jagung (ketawa), Lha nggih

[00:03]

Peneliti : Nah, niki angsal jenengan ceritaaken sekedik, asal muasale jenengan dados petani. Amargi jenengan saking keluarga petani napa pilihane jenengan kiambak? Asal muasale pripun? (diam sejenak)

Informan IV : Nggih, petani niku nggih pertama dari keluarga petani juga

Peneliti : Oh nggih

Informan IV : Keduanya itu (diam sejenak) tidak diarahkan oleh siapapun.

Peneliti : Hmm

Informan IV : Bebas lah kasarane meh mangkat yo ora ana sing nyeneni, ora mangkat yo ora sing nyeneni kan ngoten

[02:08]

Peneliti : Oh, punya kebebasan ngoten nggih istilahe ee mboten wonten bosen kan (tertawa)

Informan IV : (tertawa)

[02:00]

Peneliti : Oh nggih nggih nggih. Nah, berarti jenengan nggih mpun wonten ketertarikan piyambak nggih teng petani.

Informan IV : Iya, bebaslah

[02:20]

Peneliti : Lha, niki sakliyane petani, kegiatane jenengan wonten sakniki?

Informan IV : Sakniki nggih nganu teng griya napa niku (diam sejenak) ndamel makanan ringan ngono wi to ngko di pendheti rokok ngono

[02:35]

Peneliti : Makanan ringan napa niku?

Informan IV : Semacam tempe kripik, terus kripik pisang niku ngoten niku

Peneliti : Oh, snack-snackan ngoten nggih

Informan IV : Nah, nggih. Makanan kecil lah

[02:46]

Peneliti : Nah, berarti awal mulane jenengan berarti (diam sejenak) sampun 2001 sampek sekarang nggih mpun 24 tahun jenengan nggih dados petani

Informan IV : Nggih

Peneliti : Mpun dangu, wis ngelotok lah ilmu pertembakauan niku

[02:59]

Peneliti : Lha (diam sejenak) setelah jenengan 23 tahun, eh 23 tahun dados petani niku kan akhire jenengan kepethuk kalih wingi kemitraan jarum niku. Lah, nggih. Nembe niku ta jenengan nembe nderek niku ta?

Informan IV : Nggih.

Peneliti : Napa sakderenge mpun nate nderek nak jarum?

Informan IV : (diam sejenak) Nek jarum riyen niku nggih mpun suwe kulo, tapi sing riyen kan dimodali

[03:23]

Peneliti : Tapi kemitraan napa mboten?

Informan IV : Mitra

[03:24]

Peneliti : Nggih, Mas Afandi niku? (diam sejenak)

Informan IV : Ndisik niku sak inget kula Mas Damar terus Mas sinten nggih.

Peneliti : Mas Komeng niku mboten? Pokoke kirime niku nggene Pak Hartono mriku, gudang Pak Hartono. Pak Hartono kadosse mboten jarum. Nak jarum langsung. Pak Hartono. Merabu yae niku.

Informan IV : Pokoke kirime niku nggene Pak Hartono mriku, gudang Pak Hartono

[03:37]

Peneliti : Pak Hartono kadosse mboten jarum. Nak jarum langsung

Informan IV : Pak Hartono

Peneliti : Merabu yae niku

Informan IV : Nggih, Merabu

[03:44]

Peneliti : Oh, Merabu kalih jarum niku beda

Informan IV : Oh benten?

Peneliti : Benten

Informan IV : Oh Merabu kulo riyen

[03:48]

Peneliti : Nggih nggih. Lha, niki kula fokuse teng jaru, berarti nak jarum nembe? (diam sejenak)

Informan IV : Nggih nembe niki

Peneliti : Nembe niku

[03:55]

Peneliti : Oh, nak Merabu niku nggih jarum tapi anakane pak

Informan IV : Hmm

Peneliti : Dadose mboten nderek kalih (diam sejenak)

Informan IV : Sak ngertos e kula jarum teng nganune Merabu ancen

Peneliti : Bakale nggih mlebet teng jarum, cuman beda organisasi ngoten ceritane

Informan IV : Nggih

[04:11]

Peneliti : Nah. Jenengan saget ceritaake mboten pertama kali jenengan ngertos bab kemitraan jarum niku? Saking sinten, terus priipun niku awale jenengan ngertos?

Informan IV : Nggih, kula pertama dikabari kalih Pak Musri niku

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dijak nderek niku ndrung tertarik. Kan petani itu tidak, carane mboten nggolek bakul lah kasarane begitu dirajang langsung disetorke ngoten

Peneliti : Hmm

Informan IV : Lha ndrung (diam sejenak) pada waktunya panen, ndelalah kula niku ya keru sisan, ndrung napa (diam sejenak) masalah harga, masalah harga niku dari mitra sama tengkulak di desa itu kan hampir-hampir sama. Kadang kan lebih tinggi sing nok ndeso

Peneliti : Hmm nggih

[05:09]

Peneliti : Oh, berarti ee jenengan ngroso masalah teng mriku. Nah tapi niki kula ajeng tanglet awal-awale jenengan kenal riyen lah. Maksude pas sakderenge jenengan kumpul-kumpul niku lho Pak, sing jenengan alami niku priipun ngoten kan maksude pas jenengan mireng saking Pak Musri

Informan IV : Nggih

Peneliti : Niku kan wonten ungkapan nek sak umpamane ayo nderek mitra ngoten berarti nggih.

Informan IV : Hmm

[05:37]

Peneliti : Nah, niku napa sing ndadoske jenengan niku tertarik?

Informan IV : Lha nggih niku, arena niku mengkeh hasil dari tembakau itu kan ada yang nampung

Peneliti : Terjamin.

Informan IV : Nggih terjamin

Peneliti : Terjamin penampungane ngoten nggih. Oh nggih

[05:55]

Peneliti : Lha nak ee wonten mboten selain Pak Musri sing berperan teng nggone jenengan ee ndorong jenengan utawa ngajak jenengan nderek kemitraan niku saliyane Pak Musri?

Informan IV : Mboten

Peneliti : Hmm? Mboten wonten

[06:11]

Peneliti : Nggih, berarti jenengan intine niku mpun ngertos nak niku kemitraan ngoten nggih

Informan IV : Nggih

Peneliti : Terus kok kayae saget di, saget dieloni ngoten.

Informan IV : Nggih, karena menjanjikan, sebabe kula mpun nate nderek kan ngoten

Peneliti : Oh, terus jenengan

Informan IV : Karna nderek Merabu riyen kok ada mitra jarum dikatakan enak

[06:34]

(Jeda)

[06:41]

Peneliti : Nah, terus ee (diam sejenak) nalika awal gabung niku harapane jenengan, kan jenengan mikir mpun terjamin. Lha harapane jenengan teng kemitraan jarum niku awale pripun ngoten?

Informan IV : Ya harapannya itu nggih niku hasile mengke jelas ditumbas, harga niku pasti, yang dijanjikan kan harga lebih tinggi

Peneliti : Hm

Informan IV : Ngoten

[07:12]

Peneliti : Tapi ternyata?

Informan IV : Tapi ternyata ternyata harga itu lebih tinggi di kampung

Peneliti : Oh di kampung

[07:20]

Peneliti : Lha ee saged jenengan ceritaake napa mboten, ketika jenengan nderek kemitraan niku pertama kali jenengan kumpul teng Tanggungharjo niku nderek mboten jenengan?

Informan IV : Mboten

[07:34]

Peneliti : Oh, jenengan langsung kumpul teng nggene Pak Musri mriki?

Informan IV : Kula niku kumpul niku (diam sejenak) termasuk kula niku terakhir, mpun mpun mpun mepet

Peneliti : Hmm

Informan IV : Jadi kula niku mboten begitu paham, sepindah tok kula

[07:45]

Peneliti : Oh ngoten, oh sepindah tok jenengan kumpule. Lha niku saged jenengan ceritaaken mboten sing jenengan tangkep pas bareng-bareng kalih kemitraan jarum niku?

Informan IV : Pas nika niku kula kumpalan niku mpun wayahe niku kok pengemasan niku kadosse. Carane ngemas ngeten-ngeten niku

Peneliti : Hmm

[08:08]

Peneliti : Tapi jenengan mpun ngertos nak terdaftar ta niku?

Informan IV : Mpun

[08:11]

Peneliti : Oh. Lha sing kempalan sakderenge?

Informan IV : Mboten nate

[08:15]

Peneliti : Mboten ngertos napa mboten diundang napa pripun pas niku?

Informan IV : Nggih mboten entuk undangan

Peneliti : Oh, mboten angsal undangan

Informan IV : Nggih

[08:25]

Peneliti : Kan nak mboten salah niku kumpul kemitraan Brabo niku tiga kali sak eling kula

Informan IV : Karena kula niku kadosse nganu kok mpun akhir niku tambahan pripun ngoten kok

Peneliti : Ohh

Informan IV : Dadi mboten dari awal pendaftaran niku.

Peneliti : Hmm

[08:43]

Peneliti : Nggih nggih nggih. Oh berarti mboten termasuk sing mengikuti dari pertama kali diprakteke Pak Musri niku nggih

Informan IV : Nggih, mboten. Dadi kula kempalan niku mpun wayahe pengepakan niku. Carane ngepak terus mengkeh dikarung, bar dikarung ndrung diparingi kain napa-napa kadosse. Kain putih napa napa ngoten

Peneliti : Oh kain blacu niku nggih, hem

[09:05]

Peneliti : Lha selama jenengan nderek kalih kemitraan niku ee pripun komunikasine jenengan kalih pihak kemitraan napa nggih sering ketemu, napa wonten pertemuan rutin selain niku, selain penyuluhan pengemasan niku?

Informan IV : Nggih niku tok kadosse, kalih teng nggene teng nggene Pak Kaji Kusnin nika nggih pendataan, pendataan ulang kadosse

Peneliti : Pak?

Informan IV : Pak Kaji Kusnin

[09:35]

Peneliti : Pak Kaji Kusnin?

Informan IV : Nggih, kantos golek nopo nggih kadosse, golek anggota tambahan anggota nopo nopo kadosse

[09:44]

Peneliti : Oh, berarti niku sakderenge kempalan teng nggene Pak Musri?

Informan IV : Nggih, sak derenge niku

Peneliti : Ohh

Informan IV : neta niku ndrung nderek mpran sepindahan

Peneliti : Oh nggih nggih nggih

[09:57]

Peneliti : Nah terus wonten napa mboten pengalaman sing jenengan rasake niku ngroso jenengan niku diperhatike kalih pihak kemitraan ngoten? Sebagai petani mitra jarum

Informan IV : Janjane nggih enten

[10:11]

Peneliti : Napa bentuk e?

Informan IV : Karena waktu penanaman niku kadang sering kepethuk teng ndalan ngoten piye pak, mbakone wis nandur po rung? Wis sak telimat po rung ngoten niku nggih enten. Tapi nggih mboten-mboten sering lah kados mitra sing biasa

[10:28]

Peneliti : Mitra napa niku?

Informan IV : Nggih jarum niku

[10:31]

Peneliti : Oh, mitra jarum sing tahun wingi niku. Panjenengan kerep kepanggih?

Informan IV : Mboten nggih penting pisan tok napa pindo ngoten lho

Peneliti : Hmm

Informan IV : Lha nggih niku di ngotenke niku mpun nanem nopo dereng, pripun mbakone

[10:44]

Peneliti : Oh, ngoten

Informan IV : Termasuk anak babadang

Peneliti : Oh nggih, enten wonten nganune nggih, wonten perhatiane nggih

[10:51]

Peneliti : Lha terus ee teng haliyane wonten napa mboten kejadian sing ndamel jenengan niku mboten nyaman? Sing nderek kemitraan niku sampek jenengan mboten purun nderek kemitraan malih teng kemitraan jarum niku?

Informan IV : (diam sejenak) Masalahe enten nek nek sing kula lakoni riyen kan kemitraan itu kan ada, ada carane ada tali pokoke dimodali. Nek petani itu dimodali, mengkeh niku harga itu carane payu mboten payu pasti setor

[11:27]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dipastikan niku, nek mboten dimodali biasane nggih ngoten niku. Ketika harga kok lebih tinggi di kampung mesti mlayune diguak teng kampung

[11:37]

Peneliti : Hmm nggih nggih nggih. Nah terus ee niku sing marai jenengan mboten nyaman?

Informan IV : Nggih

[11:45]

Peneliti : Akhire.. Lha niki kan berarti kan jenengan kan sebere kan tesih terkait kemitraan to? Nah terus akhire kan jenengan mpun mboten purun nderek kemitraan niku

Informan IV : Janjane nggih purun, tesih purun. Cuman wingi niku kendalane nggih niku. Satu, kula nanem-nanem keru ndrung kedua niku wingi niku tembakau kan belum habis masa masa nganune kan mpun tibo udan.

Peneliti : Nggih

Informan IV : Tembakau niku mpun rewel, mpun rusak

[12:12]

Peneliti : Kemarau pendek nggih.

Informan IV : Nggih, upama ajeng setor mrika tetep mosok mau pas apik-apik ora setor pas elek kok setor kono kan akhire rukoh.

Informan II : Soale nak wis turun ujan kan malah kualitas e elek, malah dadi kuning, malah ijo

[12:26]

Peneliti : Ya mengkeh mase kan kiambak (tertawa). Nah nggih. Nah terus ee nak niku berarti kan sebenere jenengan nggih purun, cuman karena ee tau kualitas sing mboten sing jarum purun

Informan IV : Nggih

Peneliti : Ohh

Informan IV : Pokoke dipastikan nek guwak rono tetep mboten ditompo

[12:52]

Peneliti : Oh karna sudah tau

Informan IV : Masalahe nggih masalahe teng desa mawon mpun ditampek-tampek niku (tertawa)

[12:57]

Peneliti : Oh tau diri nggih

Informan IV : Mpun mpun bali ijo niku

Peneliti : Mpun tahu diri jenengan istilahe (tertawa)

Informan IV : Nak kecuali kemarau wingi niku panjang kados biasane tetep pasti niku dipastikan petani ya setor

[13:09]

Peneliti : Hmm, karena memang kaitane kalih musim

Informan IV : Nggih musim. Musim wingi niku terlalu pendek

[13:19]

Peneliti : Nah terus (diam sejenak) Nah terus waktu jenengan ngroso niku mpun mboten nyaman kalih pihak jarum niku jenengan napa nggih wonten rembukan kalih petani sanese ngeten?

Informan IV : Nggih

[13:42]

Peneliti : Nah saget ceritaaken mboten jenengan niku pripun kondisine?

Informan IV : Nggih maksude nggih tanglet ten ten kepethuk bolo-bolo tani sing nderek niku ta niku ta. "Kowe wis setor ndurung?" "Durung." "Wis setor ndurung?" "Durung." Nah, ternyata sing ditakoki niku sing setor kalih sing mboten setor niku kathah sing mboten setor.

Peneliti : Hmm

Informan IV : Lha ning opo ra setor? Nggih, niku. Karena kualitas mbako wis elek. Pas mau apik ora gowo rono, mosok ki elek arep rono kan tahu diri lah isin lah kasarane wong desa

[14:14]

Peneliti : Hmm, jenengan nggih ngroso mboten mboten nyaman ngoten nggih

Informan IV : Nggih

Peneliti : Meh kirim barang ngoten

[14:19]

Peneliti : Nah terus saking rembukan obrolan niku pandangane jenengan teng kemitraan niku tesih sami napa mboten? Misale wonten perubahan pandangan napa mboten? Kan awale kan jenengan wau nganggep kemitraan niku sebagai harapan, jaminan kalih jenengan.

Informan IV : Nggih

[14:34]

Peneliti : Nah setelah ndelok ee kok rencang-rencang do mboten kirim. Lha jenengan nganggep kemitraan niku tesih sami napa mboten kalih sing pertama wau?

Informan IV : Maksude pripun?

[14:44]

Peneliti : Ee maksude (diam sejenak) jenengan niku maksude pas setelah setelah ee setelah kemitraan niku kan, oh kan jenengan pas pertama kali nderek kemitraan kan ngroso nek memang kemitraan niku aman bakal dadi jaminan pembeli terhadap jenengan

Informan IV : Nggih

[15:06]

Peneliti : Nah, setelah jenengan nglihat sekitar kok mboten wonten sing ee mboten wonten sing

Informan IV : Sing kirim

[15:14]

Peneliti : Sing kirim, terus ee ngroso keberatan sih mboten kalih kemitraan niku sebenere jenengan?

Informan IV : Mboten, sing asli kulo anu malah remen kulo

[15:26]

Peneliti : Malah remen kalih kemitraan?

Informan IV : Kemitraan niku remen. Nggih kendalane wingi niku ter cuaca niku, cara hujane niku awal

[15:35]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Ndrung kedua, naneme kula sing jelas wingi niku ker

Peneliti : Hmm

Informan IV : Bulan 6 tu, bulan 6 kula mau dereng nanem. Masalahe niku kendalane nggih (diam sejenak)

[15:56]

Peneliti : Oh berarti istilahe ee, lha nak sing akhire ndadoske jenengan medal saking kemitraan niku napa berarti?

Informan IV : Mboten medal kula

Peneliti : Ohh

Informan IV : Asline to nak dibutuhkan to masih mau

[16:12]

Peneliti : Oh sebenere nak dibutuhkan masih mau

Informan IV : Cuman kan setelah mitra itu panen selesai ora ono kabar piye piye kan enggak ada kabar nyampek sekarang. Apa ya dikirigok neh, opo dikanggo neh kaleh mboten kan mboten ngertos niki

Peneliti : Hmm

Informan IV : Kan tidak ada pertemuan lagi to

[16:30]

Peneliti : Oh berarti sebenere jenengan misale di lha ee mungkin nggih kemitraan ee berpikir jenengan niku kan mboten setor sama sekali. Nah mungkin dari situ kan kemitraan yo menganggep area petani area sini

Informan IV : Ya karena karena kualitas mbako niku

Peneliti : Hmm

Informan IV : Sudah corono wong nok desa ketompo neh rak ono mesti ora ditompo

[16:57]

Peneliti : Ohh (diam sejenak)

Informan IV : Mungkin setiap petani to niku nek ditari tetep pengen nderek mitra.

[17:04]

Peneliti : Hmm (diam sejenak)

Informan IV : Ngoten nak nek sakniki ditari melih niku ta kathah sing do pengen

[17:12]

Peneliti : Oh nggih nggih. Lha terus ee menurut jenengan informasi saking rencang-rencang wau, pas jaman mboten setor niku wau

Informan IV : Nggih, nggih

[17:24]

Peneliti : Niku gadhah pengaruh napa mboten teng teng ajenge keputusane jenengan? (diam sejenak). Maksude kan nak jenengan kan wau matur nak sak umpamane mboten kirim amargi mindher ngoten istilahe. Lha niku ee pas jenengan ngroso mindher niku bar ngobrol kalih rencang-rencang semakin menguatkan napa mboten ngoten?

Informan IV : Maksude menguatkan untuk keluar opo

Peneliti : Mboten kirim kalih keluar niku

Informan IV : Nek masalah kirime niku sing jelas kualitas mbako kula

[17:58]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Mboten amergo hare kanca-kanca mboten kirim mboten. Mergo mbakone kula, kualitas sing jelas elek ngoten

[18:07]

Peneliti : Oh jenengan nggih ngroso mboten layak ngoten nggih?

Informan IV : Mboten layak

[18:12]

Peneliti : Nah terus

Informan IV : Masalahe teng Merabu kulo kir teng griya nika mboten masuk nggih kula mboten beta mrika. Teng mrika tetep ditolak kula ngoten

[18:25]

Peneliti : Tapi akhire jenengan sade teng pundi?

Informan IV : Nggih dol njobo niku

[18:29]

Peneliti : Oh didol teng njobo, njobo niku sinten misale ya bisa

Informan IV : Umpomo umpami kan mpun dugi gudang nggene Pak Hartono mriku. Ketika enggak masuk Pak Hartono mengkeh nampakne

[18:40]

Peneliti : Oh berarti di mboten setor teng Merabu tapi disetor kalih Pak Hartono?

Informan IV : Pak Hartono nggih

[18:45]

Peneliti : Lha nak sing kemitraan jarum tahun lalu niku sing mboten pajeng akhire jenengan sade kalih sinten?

Informan IV : Teng tengkulak niku ngiderke mawon ngantek bingung kok

[18:54]

Peneliti : Lha akhire akhire ditumbas sinten nggene jenengan?

Informan IV : (tertawa) Nggih bakul-bakul desa niku ta, kados Mba Is kados sopo Bu Wartu niku

[19:03]

Peneliti : Oh, Bu Wartu, Mbak Is

Informan IV : Niku mawon teng griya dioplos, nek langsung dianu mboten saget

[19:09]

Peneliti : Amargi saking kurange kualitas nggih?

Informan IV : Nggih

Peneliti : Oh nggih nggih nggih

[19:14]

Peneliti : Nah terus hmm (berhenti sejenak) Nah terus ketika jenengan kan wayah waktu niku dioyak-oyak kirim

Informan IV : Nggih

[19:28]

Peneliti : Nggih, Jenengan nggih mpun dikabari berarti nak jenengan wonten penyuluhan niku kan berarti mpun dikabari ken kirim kalih jarum to berarti?

Informan IV : Nggih

[19:35]

Peneliti : Nah niku ee pas jenengan mutuske mboten kirim niku ee menurut jenengan niku sesuatu sing melanggar perjanjian nopo mboten?

Informan IV : Nggih jane melanggar

Peneliti : Nggih

Informan IV : Ning kula mboten merasa corone mboten merasa piye ya, salah (tertawa) nggih karna niku mbakone kualitas e kulo sing jelas ngatos kualitas mbakone kulo niku mboten nganu, sing jelas niku

[20:07]

Peneliti : Lha mboten jenengan cobu kirim riyen menawi saget?

Informan IV : Wong teng mriku mawon mpun ditampek-tampek kok (tertawa)

Peneliti : (tertawa) Ohh nggih mpun

[20:17]

Peneliti : Ee nak pas jenengan (diam sejenak) berarti jenengan mboten wonten semacem kekecewaan kalih kemitraan nggih ngeten niki?

Informan IV : Mboten (diam sejenak). Malah petani niku seneng nek diajak kemitraan

[20:35]

Peneliti : Cuman karena kemarin kondisi nggih?

Informan IV : Kondisi. Kondisi yang dari cuaca tidak mendukung

Peneliti : Hmm (diam sejenak)

[20:48]

Peneliti : Nah terus waktune, jenengan awale kan menganggap kemitraan sebagai harapan. Nah, waktu jenengan akhir ee mboten setor terus ee sakniki nggih mboten nderek kemitraan malih niku pandangan jenengan teng kemitraan niku tesih sami napa mboten? Tetep sebagai harapan niku mboten?

Informan IV : Nggih, sami

Peneliti : Hmm tetep sami

Informan IV : Tetep harapan, ketika kok kasarane dijak yo melu mitra yo tetep sedia, bersedia

[21:21]

Peneliti : Oh ya ya ya (diam sejenak) lha berrati ee pandangan e jenengan terhadap PT Djarum sakniki pripun? Nopo nggih jenengan kroso niku ngrugikake nopo ngecewakake utowo wonten hall positif sing saget jenengan pendet?

Informan IV : tajam Djarum termasuk ya malah sae ning kene ku to ketika kok saya masih dibutuhkan masih mau, karna yang saya alami di Merabu dulu saya kan lif ikut Merabu kan sudah

berapa tan kan lama tu dari 2010 pok 2011 niku sampek tutup saya ikut terus

[22:04]

Peneliti : Tahun lalu kan wonten Merabu

Informan IV : Niku nek Merabu sing sing taun lalu kan mpun mpun petilan petilan niku

[22:15]

Peneliti : Oh berarti jenengan mboten nderek dari awal sitilahe, mpun mboten wonten tawaran toh tahun lalu niku?

Informan IV : Mboten, nika pun pun dikurangi nika

[22:22]

Peneliti : Oh, karena wonten penjatahan ngoten nggih?

Informan IV : Nggih, penjatahan niku sing dijatah ya paling Mbah Lurah kalih sinten ngoten.

Peneliti : Hmm

Informan IV : Kadhos niku sing cedak cedak (tertawa)

[22:20]

Peneliti : Nggih nggih, nggih. Lha terus ee (diam sejenak) setelah njenengan mboten nate setor kalih pihak Jarum niku, njenengan nate diajak ngobrol malih mboten kalih pihak kemitraan Jarum?

Informan IV : Mboten nate

[22:47]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Sintene sing anu, mrikine kulo lewate Pak Musri mboten ngertos kulo

[22:55]

Peneliti : Hmm sama sekali mboten wonten anu akhir ee nggih (tertawa). Mboten wonten komunikasi malih

Informan IV : Nggih (tertawa)

[23:02]

Peneliti : Berarti njenengan keputusan nderek mitra niku wonten dorongan saking keluarga, napa saking sekitar napa mboten?

Informan IV : Nek kula, kok ketika dengar sendiri saya ya juga ikut. Nek ketika saya enggak dengar kabar itu kok diajak-ajak ya tetep ikut kan gitu.

[23:22]

Peneliti : Hmm. Karena kemitraan nuruti njenengan niku nggih, positif niku wau nggih.

Informan IV : Positif, nggih (tertawa)

[23:27]

Peneliti : Tapi nek njenengan akhir ee mboten setor niku wau, keputusan sendiri napa wonten pengaruh tiyang sanes?

Informan IV : Mboten setor niku karena kualitas mbako.

[23:37]

Peneliti : Oh berarti wong karena

Informan IV : Nggih

Peneliti : kesadaran sendiri

Informan IV : Tau diri lah (tertawa) ki pasti ditolak kan ngoten

[23:44]

Peneliti : Lah niki nggih ee sebagai pertanyaan-pertanyaan penutup lah niki. Menawi njenengan saged ndamel maringi pesen damel petani liyane sing ajeng nderek kemitraan, napa sing ajeng njenengan sampeke? Sakderenge misale wonten tiyang matur kalih njenengan, "Pak Sobirin niki wonten kemitraan niki." Nah, niku njenengan saranke napa kalih tiyang niku?

Informan IV : Nggih baik. Sarannya baik karena kemitraan itu hasil menjanjikan. Pertama, ketika panen itu pasti sudah ada yang menampung, yang membeli lah kasarane.

Peneliti : Heem

Informan IV : Dadi untuk petani kan tidak mencari si pembeli itu, langsung ditampung

[24:33]

Peneliti : Hmm, Berarti ibarat lain, njenengan ngartike luwih seneng adol sing pasti teng kemitraan daripada ndadak nyari

Informan IV : Nggih

Peneliti : nyari-nyari napa, ee, pembeli di tempat lain istilahe ngoten nggih? Ohh

Informan IV : Harga pun sudah pasti ditentukan

[24:51]

Peneliti : Lha selain sing pun kula tanglet-tangleti niki wau, wonten mboten pengalaman njenengan teng kemitraan sing dereng njenengan sampeke teng kula? Ntah kemitraan napa apapun niku enggak harus Jarum. Sing njenengan raoske pas nderek kemitraan kok njenengan isa ngarani kemitraan niku sae niku loh. Nah, njenengan wonten mboten pengalaman kemitraan sing pun njenengan rasake napa?

Informan IV : Lagi teng Merabu niku to

[25:14]

Peneliti : Nggih, nopo sing, pengalaman priipun seng jenengan raoske

Informan IV : Lha nggih niku terutama itu kan satu. Nek Mrabu dulu toh niki cerita nggih, Dimodali dari awal, dari pembibitan, benih, nyampe apa niku ndedere niku nggih diparingi Mrabu niku

[25:32]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Begitu setor, rung masalah perjanjian harga niku ya pasti tidak mengecewakan

Peneliti : Hmm

Informan IV : Tepat lah kasarane umpama janjiane 10 ya dibayar 10 kan ngoten. Tergantung kualitas tembakau ngunu

[25:50]

Peneliti : Hmm. Tapi nek sakderenge njenengan nderek kemitraan sak liyane Jarum niki riyen nok napa nggih nate mboten kinten ngeten niki napa nembe teng Jarum? Sing njenengan mboten

Informan IV : Nggih nate, nate ne nggih niku karena kualitas. Nek kualitas sekirane kok mboten mlebet nggih kula mboten kirim

Peneliti : Hmm

Informan IV : Wong niku kepleke kula niku nate turah setunggal niku diisi tiyang (diam

sejenak)ngendi niku, Penawangan apa ngendi niku mrika kados e

[26:19]

Peneliti : Oh, ee, slot damel kirim mbako teng Mrabu niku maksude

Informan IV : Niku kan enten-enten anu niku

[26:24]

Peneliti : Kartune ngoten nggih?

Informan IV : Kartune niku

[26:26]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Nggih karena niku nggene kula jane ya turah ning ketika pun tiba udan, kualitas mbako kan pun elek

[26:35]

Peneliti : Hmm hmm

Informan IV : Niki umpama tak lebokne ya tetep mboten masuk kan

Peneliti : Hmm

Informan IV : Daripada mboten masuk mengke ngogreh-ngogreh, sing penting kartune niku kula kon ngisi tiyang

[26:50]

Peneliti : Nggih nggih. Dadi sejauh ini nggih njenengan nggih pro kemitraan sebetule nggih (tertawa) entuk entuk tembakau

Informan IV : Nggih, sampek lombok barang mawon kulo pun golek niku

[27:01]

Peneliti : Oh. Nggih, damel ngingu lombok ya

Informan IV : Nggih nggih

[27:06]

Peneliti : Kula kinten kan njenengan mboten nderek kemitraan niku wonten ee, kekecewaan apa priipun teng Jarum niki loh

Informan IV : Mboten

[27:16]

Peneliti : Nggih

Informan IV : Nggih karena niku wingi niku faktor cuaca. Yang kedua, kualitas mbakone kula nggih jelas mboten sae. Sakbenere ngeten, nek petani iki kok kasarane kon, kasarane mitra iki ada 10 orang apa 20 orang

Peneliti : Hmm

Informan IV : Supaya gen isa setor rono kabeh iki piye? Ya iki mau, pertama satu dimodali tukang, kan merasa punya utang

[27:39]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Akhirnya merasa punya utang, dimodali terus dibayar gitu loh. Mboh ora ketang, Mengkeh kan setor, mengke kalih dipotong, kan ngoten. Nek cara wingi kan tidak ada ikatan kasarane kan mung mung perjanjian tok tanpa ikatan, ora dimodali kan mboten. Nek petani ki dimodali kan merasa punya utang. Mengkeh nak sudah merasa punya utang mesti mikir wis wayah setor. Tetep disetori, mboh walaupun harga niku nggih duwur ya tetep setor

[26:10]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Karena yang saya alami di Mrabu dulu begitu. Dan pupuk itu dianjurkan. Carane ngeten. Kasarane Mrabu niku umpama nandur sekian ribu batang lah kasarane. Pupuk itu harus sekian kilo, durung perpaduan antara NPK kalih napa niku pun dari sana racikane kasarane. Dadi kualitase ya tetep apik.

[28:39]

Peneliti : Oh, maksude ee, di Jarum kemarin kurang ada niku nggih, napa istilahe kurang wonten

Informan IV : Katan lah kasarane antara petani dan jarum tuh mung ikatane iku kasarane mung rembugan tok

[28:54]

Peneliti : Hmm. Gak di, gak didalemi ya istilahe nggih

Informan IV : Heeh. Dadi petani tidak merasa punya piye ya? Tanggung jawab sing kepiye ya? Lah nak dikasih modal kan merasa punya utang.

[29:09]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dadi walaupun elek iki tetep setor ra ketang ngono, ngko nak ditolak. Kasarane napa? Mrabu dulu gitu. Nyatane ndungi iku elek, wis isin ra isin nguarake wong nyatane elek tak setorke ra ketang ngono. Ya tetep ketolak

[29:26]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Kan rumongso, mengke pun mboten ditagih kasarane, kowe iki wingi nganu kok ora lek setor? Lah wis setor ditolak e. Kan ngoten

Informan II : (tertawa) Nggih, yang penting kan udah pake anjuran dari sana, ngono loh bubnya kek gitu, entah mau lanjut sekolah apa nggak kan urusan belakang gitu loh

Informan IV : Lah nak mboten enten ikatan cara sing sing niki, mboten enten kaitan utang mbob apa, iki ngko tak go rono ngko nak ketolak, iki wis tak pak i persegi, ngko nak didol njupuk ngodal ngadol malih kan

Informan II : Nggih

Informan IV : Malah dikeranjang nopo digulung elek, Wis rugi ngeterke mrika, mbalik nggo mbalek mrika kan ngoten, ribet. Petani wegahe ribet ngono loh

[30:13]

Peneliti : Hmm, Berarti nek pengalamane sampeyan pas nderek Mrabu niku kan sampeyan dimodali

Informan IV : Nggih

Peneliti : Berarti misale barang niku mboten sae?

Informan IV : Nggih tetep ditolak

[30:24]

Peneliti : Lha tapi? Pripun? Ee lah ee, modale mau Pak?

Informan IV : Ditolak mengkeh niku kan enten-enten grid-gridan. Harga kan tidak nganu satu dua niku harga itu nyampe ada 10 harga ngunu cara

ne. Grid grid satu, grid dua, grid tiga kan kelas-kelasan ngoten

[30:47]

Peneliti : Heem, Nek ketolak 10-10 e mboten, ee mboten ketolak 10-10 e berarti nggih?

Informan IV : Nggih, kasarane kan 10. Mesti ra ketang loro opo telu kan enten sing mlebet kan ngoten toh.

[31:00]

Peneliti : Oh, niku sing dipotongke modale sampeyan wau

Informan IV : Nggih

[31:04]

Peneliti : Kinten-kinten modale pinten toh pak riyen pas sampeyan niku?

Informan IV : Nek modale kan niku itungane butuhe kan diparingi rabuk kasarane sekian batang pun pun diitung kalih mrika.

Peneliti : Ohh

Informan IV : niku ganti cara ne rabuk iki tak kekke sekian, ge ngrabuk ya mung sak umpama tanduranmu sekian batang ya tak kek i rabuk sekian kan ngoten. Mengkeh di merinci pakai uang.

[31:26]

Peneliti : Hmm, berarti sampeyan dapat modale berupa pupuk?

Informan IV : Pupuk

Peneliti : Ohh

Informan IV : Tapi nanti globalannya antara petani satu dan yang lainnya itu tidak sama

[31:36]

Peneliti : Hmm karena tanamane beda-beda

Informan IV : Taneman e beda

[31:39]

Peneliti : Ohh

Informan IV : Luasan tempate toh yang ditanam kan beda

Peneliti : Hmm heeh heeh (diam sejenak) yowis wajar sih nek ngono

Informan III : Lha sing ndisik pegawene iki langsung terjun langsung teng sawah ngoten

Informan IV : Nggih, setiap menanam niku marani

[31:53]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Mpun dibyukne niku toh teng ndederan, teng persemaian niku mpun ditiliki terus. Wayah nanem niku Iki Mas, bibitmu persemaian wayah wayah nganu, wayah nandur. Ndang ditandur, golekke dino. Wayah nguwake niku toh, niku mawon ditiliki.

[32:10]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dadi petugas niku dari rumah ke rumah niku pasti

[32:16]

Peneliti : Hmm, nek malame teng Djarum ngoten pripun?

Informan IV : Lah niku mboten kenal ngoten kok (tertawa)

Peneliti : (tertawa)

Informan IV : Karna tidak punya tanggungan, yo sing jelas satu niku nek diparingi utangan kasarane mboh ra ketang mboh sithik, kasarane sedikit pun kasarane kan punya ikatan ngoten punya tanggung jawab mengko

[32:52]

Peneliti : Tapi misal ngeten pak, misal ya. Misale sampeyan mboten diparingi modal

Informan IV : Nggih

Peneliti : Tapi angsal perhatian kados nggone Mrabu wau. Ditekani, nandur ditekani. Kan sampeyan wingi angsal winih angsal mboten?

Informan IV : Angsal winih niku wis keru ya wis bar ngoten, telat. Soale kan nyemai ne pertengahan satu bulan

[33:15]

Peneliti : Ohh nyemaine telat?

Informan IV : Nggih. Dadi wis pertengahan wayah nandur ki bibite ngge teko

[33:22]

Peneliti : Ohh

Informan IV : (tertawa)

Informan II : Lah contoh misale ngene iki Mas. Ngene iki lagek wis nandur kabeh, tapi lagek dikei bibit saiki nandure jeh

Informan IV : nggih dikei bibit, jeh ngko bulan 8

Informan II : (tertawa)

[33:33]

Peneliti : Oh iya kan nunggu 45 hari ya. Maksute nak saumpamane sampeyan pun diparingi bibit, iki anggep lah bukan kemitraane kemarin ya toh

Informan IV : Nggih

[33:43]

Peneliti : Anggep mpun diparingi bibit, nggih diparani setiap opo

Informan IV : Ada pengarahan lah

[33:48]

Peneliti : Ada pengarahan setiap waktu niku sampeyan tetep wonten tanggungan napa mboten? Ngrasa tanggung jawab mboten?

Informan IV : Nggih enten. Karena merasa saya itu diarahkan. Kasarane cara sekolah di kasih pelajaran lah kasarane, diwarahi. Niki carane ngunu kan. Nak sing Mrabu dulu kan gitu. Umpama satu galeng kan luasan bedengane toh Mas, 8. Iki kudu dikei sekian baris. Dadi wayah kuak niku diarahke. Jarak tanam niku diarahke.

[34:19]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dadi bukan teori tapi praktek langsung ke lapangan

[34:23]

Peneliti : Oh, langsung dilihat ya? Dilihat langsung dikandani ABC ABC ngono kui istilahe (tertawa)

Informan IV : Heeh langsung dilihat dilapangan (diam sejenak) Pas wayah pemupukan, itu juga disurvei ke lapangan. Jarak antara tanaman

sama pupuk niki berapa senti itu. Berapa senti diteliti.

[34:45]

Peneliti : Oh, berarti sampeyan pupuk ya dideloki Pak?

Informan IV : Iya

Peneliti : Mrabu iku?

Informan IV : Iya

[34:48]

Peneliti : Oh iya

Informan IV : Harus pake pugel kalau enggak pugel dikuap. Tidak boleh dikrikil ngono ra entuk

[34:54]

Peneliti : Hmm iya

Informan IV : Kudu diceblok sek. Seng di byukke no tetep disengeni ndak boleh

[35:02]

Peneliti : Karena ya mungkin, mungkin ya Pak ya. Mungkin dari pihak Mrabu kan juga karena mem-modali dadi dek e ya pengene

Informan IV : Berhasil

Peneliti : Sesuai karo keinginan mereka

Informan IV : Heeh harapan

[35:15]

Peneliti : Nah, yaa

Informan IV : Pun kasarane cara wonge ketika berbisnis modal itu harus berhasil. Ketika petani gagal, saya juga rugi kan gitu. Lha ketika petani itu untung, berarti saya juga untung kan gitu

Informan II : Mitra itu kalau bisa kan sama-sama menguntungkan, Lah nak tanpa ikatan kayak gini (tertawa) ada yang dirugikan

[35:41]

Peneliti : Hmm heeh heeh heeh

Informan IV : Lah contohne wingi niku kan termasuk pihak Jarum kan rugi. Karena harapan dek e wau kan kasarane. Tahun ini saya harus dapat sekian ton. Ternyata tidak setor kan malah rugi.

[35:57]

Peneliti : Iyaa (diam sejenak) Karena ikatan gak akrab niku maksude Pak yaa, salah satunya masalah e

Informan IV : (diam sejenak)

[36:20]

Peneliti : Lha kui kula kagete niku nganu Pak, sampeyan isih tetep purun nderek kemitraan, kula kinten kan niku do mboten purun kula kinten niku sedaya tiyang

Informan IV : Purun asline, Maksude napa sing kula alami. Karena kula nderek Mrabu niku pun suwe (tertawa) sing melu kulo tok kalih Pak Kades

[36:42]

Peneliti : Hmm (diam sejenak)

Informan IV : Karena pas wayah madahi niku kan pun kotakan. Niku ngko do gumun wong e Masa madahi kaya ngono duwit lak arep katut ngandi kuwi, Ngoten nggih.

[36:57]

Peneliti : Oh salae jaman semono dereng

Informan IV : Dereng enten

Peneliti : Dereng lumrah lah nggih istilahe

Informan IV : Pertama kan ma- wadahi kan mbeto karung niko, Karung goni. Bar karung goni durung pake klasa, kलोso kuwi

[37:14]

Peneliti : Glangse? Sing eh, kलोso. Bentuke koyok nopo niku?

Informan IV : Sage kulo, kotak niku to

[37:23]

Peneliti : Nah sampeyan sing Djarum nate sumerep? Glangse?

Informan IV : Dereng nate

[37:28]

Peneliti : Sing koyok rotan bahane

Informan IV : La nggih niku to

[37:32]

Peneliti : Hmm, jahitan-jahitan niku nggih kotak-kotakan jahit niku? Pinten?

Informan IV : Nggih jahitan niku(diam sejenak) teng Mrabu niku 2 kali pertama niku pake karung goni, terus sing sing kedua yo nggih kados sing kados rotan niku cuman kलोso lah kasatan e

[37:53]

Peneliti : Hmm kलोso, glangse lah nek bahasa. Oh coklat nggih wernane? Kan suket to niku, suket di anyam niku lah

Informan IV : Nggih, koyo koyo suket sing asli ning yo kene ra reti (tertawa)

[38:10]

Peneliti : Niku larang niku itungane. Soale teng Jawa mboten wonten niku. Ngerajine Kalimantan niku.

Informan IV : Kalimantan, terus semacam enceng, enceng gondok ora yo? (diam sejenak) Mitra dulu Mrabu kuwi lek apik ya karena itu. Karena dianjurkan dari sana, durung ketika mupuk di lapangan kuwi petugase ning kono. Dadi, dadi cuma ora-ora-ora teori

[38:53]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dadi ngko lapangan yo diduduhke Mrabu, wayah ngrabuk parani ning tegal

[39:00]

Peneliti : Hmm

Informan IV : Wayah nandur parani teng tegal. Dadi nggih teng riyen-riyen ngeten niki pun kasarane Ngko ngunu nandur kapan? ngrabuk kapan? Ngoten sok dino iki, Iya. Dino iki upamane kula ngrabuk e dino Senin, Mriku Senin nggih langsung teng tegal njujug. Dadi petugas niku ngertos, Tegal ndi sing arep ditanduri ngoten niku letake pun ngertos. Dadi kados griya karek njujug. Oh, umpama Pak Sobirin tegal e ngendi kono kapan, Ngoten. Dadi setiap tegalan dekan pun-pun diparani sedanten

[39:31]

Peneliti : Hmm Niku bentuk anune nggih niku

Informan IV : Nggih, dadi mengkeh niku ngertos. Dadi petugas niku nok wet, kualitas. Dek

e Pak Sobirin, Pak Noto iki kayak gini ngko nak diperkirakan nak iki pun berarti dek e isa setor ngoten niku pun ngertos. Oh, iki ngko ora isa setor, Ngono kuwi nggih pun ngertos

Peneliti : Hmm

Informan IV : Dadi dek e saged ngira-ngira iki ngko entuk sekian. Ngoten niku nggih ngertos dari pihak

[39:59]

Peneliti : Nak sing mboten saged setor mengke diapakke? Mboten saged setor ngoten dimaturi ngoten?

Informan IV : Nggih tetep niku kan napa niku kan saged di, lempar tiyang

[40:10]

Peneliti : Oh kepleke niku wau?

Informan IV : Nggih. Saged diisi tiyang anu toh

[40:13]

Peneliti : Oh, berarti misale sampeyan ketok mboten saged kirim nggih mboten diparingi keplek ngoten?

Informan IV : Mboten, kirim mboten kirim, waktu pembagian keplek niku langsung semua dikasih

[40:24]

Peneliti : Lah terus pas dilihat teng lapangan ternyata mboten nganu, mboten masuk?

Informan IV : Ditarik ngono

[40:30]

Peneliti : Oh ditarik, makane ditarik

Informan IV : Nggih, makane ditarik. Dilempar tani sing turah niku

[40:36]

Peneliti : Hmm sing turah

Informan IV : Kan kadang kan enten sing lemu, enten sing kan nek lemu kan kadang turah kan ngoten

[40:43]

Peneliti : Sing lemu kan luwih katah nggih? Maksud e hasile

Informan IV : Nggih, Nggene kula niku nate turah teng perubetan kono turah kok, nak sing kono kurang kerik kerik ndek niku, pas niku tibo udan, yo jane ora ora kurang, ning karna kualitas e elek, kula mboten wani setor nggih kula lemparke tiyang niku

[41:04]

Peneliti : Nggih mpun nak ngoten, niku cekap pertanyaan saking kula. Niki kula rekam sedaya nggih berarti. Niki jenengan nyuwun asma ne disertake nopo mboten?

Informan IV : Terserah jenengan to (tertawa)

[41:17]

Peneliti : (tertawa) Oh nggih mpun, misale sertake nggih kulo sertake misale mboten nggih mboten nggih. Nggih mpun ngoten nggih pak, matur suwun sakderenge

Kode Informan: Informan V

Tanggal Wawancara: 25 Mei 2025

Durasi: 25 menit 24 detik

Lokasi: Rumah Petani

Catatan: Transkrip ini bersifat verbatim dan mempertahankan gaya bahasa asli informan. Emosi dan jeda ditandai dalam kurung.

TRANSKRIP WAWANCARA

[00:03]

Peneliti : Assalamualaikum, Pak. Matur suwun sampun purun rawu mriki wawancara kalih kula dados narasumber ing penelitian kula. Muga-muga penelitian manfaat nggih, Pak nggih.

Infroman V : Aamiin

[00:14]

Peneliti : Nah niki sakderenge kula mulai tanglet-tanglet teng jenengan, niki kula ee badhe ngertos sinten asmane jenengan kalih mulai kapan dados petani mbako?

Infroman V : Ea mulai dados petani mbako

[00:30]

Peneliti : Asmane riyen

Infroman V : Asmane kula Bapak Ibnu Rosyid, RT 10, RW 1

[00:36]

Peneliti : Nggih Brabo

Infroman V : RT-ne nggih kula piyambak

[00:39]

Peneliti : Ohh jenengan Ketua RT

Infroman V : Nggih, RT 10, RW 1 niku kula piyambak niku. Nggih kula mulai tanem mbako nggih mulai omah-omah niku ee 86. 86 kula nanem mbako.

[00:55]

Peneliti : 41 tahun

Infroman V : Nggih. 86 rabi kalihan nanem mbako. 88 wis nduwe anak siji, nggih

[01:03]

Peneliti : Hmm. Lah niku sing pertama kali, ee jenengan berarti nandur mbako setelah menikah nggih istilah nggih. Lah niku bareng jenengan rabi nembe nandur mbako niku, in ee jenengan diken napa disuwun napa keinginan piyambak?

Infroman V : Keinginan piyambak, Keinginan piyambak nggih. Eee nglakoni wong omah-omah kuwi sing umume nandur mbako ya nandur mbako ngoten niku nggih.

[01:30]

Peneliti : Oh, berarti jenengan ningali tiyang-tiyang do nandur mbako

Infroman V : Nggih, nggih nandur mbako
[01:35]

Peneliti : Nah pengalamane jenengan nandur mbako pripun? Eee mbateni napa pripun?

Infroman V : Pengalaman nandur mbako nggih, eee mbateni daripada jagung. Nggih, lumayan mbako pek-pek balik isih. Mara-mara mbako tak dipek-pek balik niku ijeh ngoten. Isih kathah mbako, asile kathah jagung. Sakmula mbako nggih. Jagung niku sekedakan panen intok akeh nggih operasional nggih ntek akeh, amek nggo pisan tok. Nek nek mbako mburine saya regane ningkat, ningkat nggih isih enten turahane

[02:06]

Peneliti : Intine nek mbako nggih isih wonten sisane walaupun

Infroman V : Iseh wonten sisane

[02:09]

Peneliti : Oh nek operasional kathah pundi Pak? Nek jenengan.

Infroman V : Operasional nggih niki kathah mbako. Mbako nek jagung kan operasional pisan ngiro entek. Ning asile ya mek ya pisan tok. Lah nek mbako niku ya biasane tiap amek, tiap amek niku nggih pasti anu, she ono turahane mbako. Kathah mbako (tertawa)

[02:27]

Peneliti : Nah, berarti jenengan awet eee 86

Infroman V : 86

[02:31]

Peneliti : Mpun dugi sakniki, mboten nate pedot niku nandur mbako?

Infroman V : Mboten nate

[02:33]

Peneliti : Setiap tahun pasti nandur mbako?

Infroman V : Pasti nandur, nggih

[02:36]

Peneliti : Lah niku jenengan nak nandur mbako, wonten mboten pengalaman kemitraan-kemitraan ngoten niku sing nate jenengan ndereki?

Infroman V : Eee pengalamane nggih kala wingi enten penyuluhan menika nggih. (diam

sejenak) Enten penyuluhan tapi nggih mboten saged berlanjut ee

[02:56]

Peneliti : Mboten eee sakderenge meniki pun nate nderek kemitraan liyane?

Infroman V : Dereng, nggih nembe sepindhah teng nggene Pak Musri. Kemulan malih teng nggene Pak Haji Umar niko, pembimbingan. Tanggung, bulan poso nika (tertawa)

Peneliti : Hmm nggih

[03:10]

Peneliti : Lha niku eee berarti pertama kali jenengan nderek kemitraan teng Djarum.?

Infroman V : Nggih, teng Djarum niku sepindhah

[03:18]

Peneliti : Lah niku jenengan angsal pertama kali info tentang kemitraan niku saking sinten?

Infroman V : Nah saking Pak Musri

[03:24]

Peneliti : Oh, saking Pak Musri. Matur priipun kok jenengan purun nderek?

Infroman V : Nggih. Anu, pertama nggih niku eee dipun sanjangi mangke pemotonganane mboten wonten. Yen duwite nggih lancar mesti teng kirim teng Karangawen.

Peneliti : Oh ngoten

[03:45]

Peneliti : Lah terus jenengan sing mari jenengan purun napa niku?

Infroman V : Mari kula purun niku potongane sekedik namungan. Satu kilo, satu kilo.

[03:53]

Peneliti : Oh potongan timbangan?

Infroman V : Potongan timbangan

[03:55]

Peneliti : Potongan timbangan e namung sekedik

Infroman V : Nggih tur bungkuse niku nggih enteng wong nggawa kain (tertawa)

Peneliti : Ohh

[04:03]

Peneliti : Terus jenengan mikir nggih nak niki timbangane sae ngoten nggih. Timbangane adil ngoten jenengan ngrosone

Infroman V : Timbangane sae. Nggih, nggih

[04:09]

Peneliti : Sakliyané niku wonten mboten? Sing marai jenengan tertarik nderek mitra?

Infroman V : Ee niku ta mitra nggih wonten nggih, nggih wonten maksude duite niku saget ngempal lah. Mpun saget anu saget ngempal teng rekening ngoten niku

[04:32]

Peneliti : Lah nak jenengan nak sade teng nggon liya napa mboten ngempal teng rekening artone? (tertawa)

Infroman V : Iki nampa ya ana nggone ana nggone nak teng anu niku nggih pisan iso nglumpuk nggih

[04:42]

Peneliti : Pripun?

Infroman V : Pisan saged anu saged ngempal sae teng rekening kemitraan niku nggih

[04:47]

Peneliti : Oh, maksude nak sak umpamane lewat kemitraan artone jenengan aman ngoten intine

Infroman V : Aman nggih (tertawa)

[04:54]

Peneliti : Tapi biasane nak mboten teng kemitraan jenengan sade teng pundi?

Infroman V : Teng bakul mriki mawon. Mbak Is, Mbak Is kula niku anu seminggu pek ping tiga kula. Sarajengan 5 kuintal, 7 kuintal. Pas sithik 5 kuintal kula.

[05:08]

Peneliti : Hmm

Infroman V : Ping tiga. Dadi ngangkatke teng nggene kula niku telung rajengan angkat pisan. Jikuk colt dhewe. Kono ora jikuk colt ora ana sing jikuk ya kula dhewe mendhet mrika colt e, sopir i anakku jikuk truck rono. Dadi nimbang sepisan tok. Sak timbangan 2 kuintal setengah, 2 kuintal. 6 gulung, 7 gulung ngono

Peneliti : Hmm

[05:28]

Peneliti : Tapi nak nggene Mbak Is niku timbangane priipun?

Infroman V : Potonge persenan

[05:33]

Peneliti : Kinten persen?

Infroman V : Ee persenan 10 persen

[05:36]

Peneliti : 10 persen?

Infroman V : Nggih 10 persen

[05:39]

Peneliti : Hmm. Lah terus niku eee berarti jenengan pertama kali ngertos kemitraan saking Pak Musri

Infroman V : Pak Musri, nggih

[05:45]

Peneliti : Lah niku harapane jenengan nderek niku kan wau saking timbangan kalih ngempal artone niku nggih

Infroman V : Nggih ngempale arto, nggih

[05:51]

Peneliti : Nah, terus nek, eee nalika jenengan akhire gabung terus nderek ngempal teng Tanggung niku. Lah niku jenengan mpun diparingi penjelasan?

Infroman V : Sampun

[06:05]

Peneliti : Nah niku kan berarti jenengan mutuske damel lanjut toh berarti?

Infroman V : Nggih

[06:06]

Peneliti : Nah niku jenengan sing diraoske priipun kok purun lanjut niku awale?

Infroman V : Purun lanjut awale nggih anu niku masalah rabuk eee regane wis semene semene ning tapi ternyata mboten anu, kok mikir-mikir iki anu. Lah rabuk mitra melu mitra, rabuk tuku dhewe anu tuku dhewe tuku-tuku ora ora dimodali sik. Ana

tuku dhewe ya ora ana barange wong toko ora ana barange teng kene. Lah menika niki malih akhiré kula rabuk rabuk jagung niku Poska mbek Mes (tertawa)

[06:45]

Peneliti : Oh. Oh, maksudé berarti jenengan pas niku eee mikir nak rabuk kok duwit

Infoman V : Nggih duwit niku anu kok ora ana dimodali sek, nak dimodali sek ngko timbang kae dipotong ngono yo piye neh. Lah nggih nek nampo duwit kok melu mitra, lah ngko po nek melu mitra rabuke koh kono ngko po mlebu opo ora, lah kok ngko akhiré (tertawa). Jangan-jangan mengko wis di wis gulung teka-teka ora masuk. Lah akhiré lah wis rasido melu mitra

[07:18]

Peneliti : Oh ngoten

Infoman V : Wis pokok bakul mriki mawon

[07:20]

Peneliti : Berarti jenengan sing eee awale kan berarti jenengan mpun ajeng nderek mitra terus akhiré dikabari wonten rabuk ternyata kok mboten wonten terus tumbhas dewe

Infoman V : Ora ono, tumbhas dewe

[07:32]

Peneliti : Nah jenengan mikir bakal dimodali berarti nggih?

Infoman V : Nggih, pikire bakal dimodali mitra. Lah mitra ternyata ora modali utawa duwit sik, mlebu sik agek rabuke medun. Lha aku ngomongi kanca-kanca lha piye? Do melu mitra pora? Lah ora ana kesimpulan iki ek wis tak rabuk apa enenge iki wae weh ngono. Ngko nak rupane kaya apa mengko besok nak samar kok ora isa mlebu. Mbakone mlebu pora (tertawa)

[07:59]

Peneliti : Oh, berarti eee, nah terus kok napa sing eee, setelah, saged jenengan ceritake mboten pas pertama kali jenengan mlebet terus akhiré sampék jenengan ketemu kalih mitra akhir niku pripun? Prosese pripun mawon ngoten niku?

Infoman V : Prosese nggih niku eee nggulungi madahi 50 kilo. Tapi ngempalke anu suruh ngempal nggih enten sak rombongan nggih digawa teng Karangawen. Lah sak ana kancane

[08:36]

Peneliti : Nak mpun kumpul barange?

Infoman V : Barange digowo neng Karangawen. Lah akhiré kula niku mikir-mikir ah ngko ditagih ngono. Engko ya nderek mitra mbakone kaya ngene. Engko di arep-arep sing diutang. Akhiré kula paringke teng bakul mriki mawon (tertawa)

Peneliti : Ohh

[08:56]

Peneliti : Oh, utang niku maksudé jenengan wonten utang kalih tengkulak?

Infoman V : Nggih tengkulak. Nggih tanggunggan wong mawon

[09:02]

Peneliti : Oh, mboten utang kalih tengkulak tapi?

Infoman V : Mboten. Teng tanggunggan tiyang wis

[09:06]

Peneliti : Hmm

Infoman V : Lah niki terus bakul kok cocok regane nggih kula paringke mawon

[09:11]

Peneliti : Oh, berarti jenengan keweden nggih an kalih kualitasé mbakone jenengan? bar jenengan paringke paringke anu napa pas jenengan paringi rabuk mboten mboten sesuai niku

Infoman V : Nggih, mboten sesuai mitra. Bondone mbek kler e yo kleru. Dadi akhir akhir e yo Pak Musri tanglet ih mbakone pakne ijeh pora ngono, lah mbako ku entek Pak Mus, aku wes wur jagung rong bagian ngono. Wes tak wur i nggonku wes entuk rong bagian mbakone wis enthek garek sithik-sithik ngoten niku. Pak Musri takok mpun telas mbakone, engko dicek dumunan

[09:44]

Peneliti : Oh, berarti pas koordinator tanglet, teng nggene jenengan Pak Musri kan

Infoman V : mbakone mpun tipis mpun an

[09:50]

Peneliti : Oh, soale mpun jenengan sade teng liyane

Infoman V : Teng liyane. Terus lokasine wis wur wur jagung sisan. Lak yo udane lanjut terus (tertawa)

Peneliti : Hmm

[09:59]

Peneliti : Lah niku berarti eee. Terus tapi nak teng harian e niku jenengan nate kepanggih mboten kalih tiyang mitra Djarum?

Infoman V : Mboten nate

[10:11]

Peneliti : Hmm, sama sekali?

Infoman V : Sama sekali mboten nate

[10:13]

Peneliti : Tapi nak penyuluhan jenengan nderek?

Infoman V : Penyuluhan kempalan?

[10:16]

Peneliti : Nggih, kempalan

Infoman V : Nggih nderek nggih teng mriki kalih teng nggene Pak Umar niki

[10:20]

Peneliti : Ee tapi sing kempalane jenengan eee hadir rutin nggih tapi?

Infoman V : Hadir nggih

Peneliti : Hmm

[10:26]

Peneliti : Nah, terus eee pas jenengan nderek kemitraan niku kan mpun diarahke dan lain-lain pasti niku diparingi rindik, angsal rindik mboten jenengan?

Infoman V : Oh, mboten

[10:37]

Peneliti : Oh mboten angsal rindik?

Infoman V : Mboten angsal rindik

[10:39]

Peneliti : Lah niku, tapi saking pengalaman-pengalaman jenengan nderek kemitraan niku wonten mboten sing eee menurute jenengan ngerasa nek kemitraan niku perhatian kalih jenengan?

Infroman V : (diam sejenak) Oh dereng wonten

[10:54]

Peneliti : Ngrasane pripun?

Infroman V : Rasane kalih mitra kula?

[10:58]

Peneliti : Nggih

Infroman V : Ee nggih rasane kalih mitra nggih niku namung ee yo nggih timbangan e sae niku, timbangan e sae perang sekedik mawon, lha niku rasane kula

[11:13]

Peneliti : Tapi jenengan mpun nate kirim?

Infroman V : Dereng nate

[11:16]

Peneliti : Nah terus jenengan nganune, nyimpulke pripun? (tertawa) nak jenengan

Infroman V : Mboten nate kirim kula. Sepurane kula nggih ngertos nopo blu mawon guwak bakul mriki mawon

Peneliti : Ohh ngoten

[11:27]

Peneliti : Nah tapi nak eee liyane wonten kejadian sing mari jenengan akhire mboten ah mboten kulah mboten nderek kemitraan lah ngoten. Wonten mboten?

Infroman V : Nggih anu, mitra mboten mboten nate anu raonokesimpulane raono terjun teng anu teng masyarakat mriki sing nderek kempalan

[11:51]

Peneliti : Pripun?

Infroman V : Ora terjun teng nggene kok aku mitra terjun teng petani mriki sing nderek kemitraan nggih tetep semangat ngoten

[12:05]

Peneliti : Nak misale pripun?

Infroman V : Nak misale mitra terjun teng mriki kesane saged semangat anggen kula nyambut damel anu teng siap kalih mitra

Peneliti : Ohh nggih nggih

[12:20]

Peneliti : Nah, terus pas jenengan eee setelah nemu kemitraan wonten, mboten wonten napa arahan teng nggene jenengan terus nggih mpun ngertos jenengan nggih ragu kalih barang e jenengan. Niku jenengan rembukane kalih sinten mawon?

Infroman V : Kalih rencang-rencang

[12:37]

Peneliti : Nah rencang-rencang niku rencang-rencang napa?

Infroman V : Rencang kula, kalih Mbah Nin kalih Ruri kalih Nur niku. Rencang sing nderek kempalan mrika.

[12:47]

Peneliti : Oh sing nderek kempalan niku?. Nah, terus saking kempalan niku jenengan akhire pripun kok saged mutuske medal niku? Rungon-rungon napa sing jenengan rungokke niku?

Infroman V : Asli medal nggih niku mboten anu mitra mboten terjun mriki teng petani (tertawa). Mboten nate terjun teng petani mriki

[13:06]

Peneliti : Tapi menurute jenengan terjun napa mboten?

Infroman V : Mboten terjun

[13:09]

Peneliti : Hmm

Infroman V : Nak niki ngeten terjun mriki nggih do semangat sing nderek kempalan mriki wingi kala wingi

Peneliti : Hmm

[13:19]

Peneliti : Nah, terus eee berarti keputusan jenengan sing akhire mboten kirim teng Djarum niku muncul saking jenengan piyambak napa nggih wonten pengaruh-pengaruh saking sekitar ngoten?

Infroman V : (diam sejenak) Niku pengaruh saking sekitar

[13:34]

Peneliti : Pengaruh saking sekitar? ngajak-ngajak jenengan?

Infroman V : Nggih

[13:37]

Peneliti : Ajakane pripun?

Infroman V : Ajakane ya. Alah mitra anu ora kancane do madahi ngepresi mbako aku wis tak dol njobo wae ngono (tertawa)

Peneliti : Ohh

[13:47]

Peneliti : Sinten niku sing jenengan nut niku? (tertawa)

Infroman V : Nggih. Sing sing kula ngomong kalih anu niku rencang-rencang niku.

[13:54]

Peneliti : Lah nggih saged ee maksude tiyang sami-sami petani napa?

Infroman V : Nggih. Sami-sami tiyang petani

[14:00]

Peneliti : Tapi sami-sami teng Djarum?

Infroman V : Nggih

Peneliti : Ohh

[14:06]

Peneliti : Nggih, lah terus eee (diam sejenak). Nah, terus berarti setelah jenengan diajak rencang-rencang niku pandangane jenengan teng kemitraan selanjute pripun?

Infroman V : Selanjute niki nggih nek enten penggerakan malih eee mitra nggih tetep kula semangat. Siap nderek mitra

[14:34]

Peneliti : Oh, berarti jenengan nggih tetep isih wonten isih enten kesan nggih teng mitra

Infroman V : Nggih isih enten kesan nggih teng mitra

[14:38]

Peneliti : Ohh

Infroman V : Kalo memang anu mitra bertanggung jawabkalih petani, semangat nggih kula tetep semangat

[14:47]

Peneliti : Tapi ee pas jenengan mboten setor kalih mitra niku jenengan ngroso nek perbuatan niku nglawan kalih mboten sesuai perjanjian nopo mboten?

Infroman V : Mboten

[14:58]

Peneliti : Napa sing jenengan raoske kok mboten ngerasa nek niku ngelawan? Kan jenengan wonten perjanjian niku awale kalih kemitraan. Ajeng ken sade mrika

Infroman V : Nggih

[15:06]

Peneliti : Nah, terus jenengan akhire kan mboten kirim

Infroman V : Mboten kirim

[15:09]

Peneliti : Nah, niku kan menurut jenengan nglanggar perjanjian napa mboten niku?

Infroman V : Nggih, nglanggar. Masalahe nggih ee mitra niku anu mboten maringi modal kangge kemitraan petani. Nah! kecuali wis di wis dimodali mitra, nggih tetep nderek teng mitra.

[15:31]

Peneliti : Hmm. Berarti nek jenengan karena mboten dimodali, berarti jenengan mboten kirim nggih mboten mboten nglanggar perjanjian niku?

Infroman V : Nggih

Peneliti : Ohh ngoten, nggih

[15:42]

Peneliti : Nah, terus ee pas jenengan akhire mutuske damel medal saking mitra, nak sing jenengan raoske pribadi niku kemitraan niku sesuatu sing pripun ngoten? Maksud kemitraan niku napa teng angene jenengan? Bar ngertos nek kemitraan jebule kok kaya ngono ngoten. Nah, niku angen-angene jenengan pripun?

Infroman V : Angene jenengan ee kula kemitraan niku nggih niku duwite isa anu kempale saged sae ngoten kurang lebih (tertawa)

[16:16]

Peneliti : Lah, sing jenengan raoske akhire pripun? Pas nderek kemitraan niku? Jebule kok kaya ngene ngoten, jebule pripun?

Infroman V : Jebule nggih ora ana (tertawa) pripun nggih? Ora ana tembusan teng nggene petani mriki.

[16:30]

Peneliti : Hmm

Infroman V : Nggih. Jebule mitra wingi ngajak-ajak wong tani, jebule kok ora ana kelanjutan ngono teng mriki

Peneliti : Ohh

[16:42]

Peneliti : Jenengan ngerasa mboten

Infroman V : dadi mboten aku rasane mboten semangat malihan

[16:47]

Peneliti : Mboten semangat nderek mitra?

Infroman V : Nderek mitra. Masalahe nggih modal saiki ya rabuk ya wis tuku dhewe, entek dhewe, ngko tek e mbako ne kana ora ora klebu ngono (tertawa)

[16:58]

Peneliti : Oh, mboten mlebu

Infroman V : Akhire mboten mlebu nggih. Wis mendingan tak kek ke bakul kene wae. Ki ngko aku nde tanggungan wong ngko ya, nek di oyak oyak wong ngko. Nak entuk det wes ayem wes san (tertawa)

[17:09]

Peneliti : Bererti jenengan nggih ngeroso nak saumpamane nek barange nggih mpun kurang sae ditambah nggih mboten dimodali

Infroman V : Nggih nggih

[17:17]

Peneliti : Di dol mbek tiyang liyane nggih mboten napa-napa ngoten?

Infroman V : Nggih

Peneliti : Ohh ngoten

[17:24]

Peneliti : Nah terus ee berarti pas jenengan, jenengan kan pertama kali nderek kemitraan kemitraan Djarum niki berarti?

Infroman V : Nggih, nembe sepindah niki

Peneliti : Hmm

[17:33]

Peneliti : Angen-angen e jenengan nggih timbangane sae, dute iso kempal sae

Infroman V : Nggih

[17:38]

Peneliti : Nah setelah jenengan ngertos, kemitraan jebule ngeten niki. Nah pandangane jenengan teng kemitraan tasih sami mboten?

Infroman V : Kalih?

[17:47]

Peneliti : Kalih sing jenengan pikirke awal wau

Infroman V : Mboten sae, mboten sami

[17:51]

Peneliti : Mboten sami? Mboten sami ne napa?

Infroman V : Mboten sami ne nggih niku mboten dimodali

[17:58]

Peneliti : Oh ternyata

Infroman V : Nggih ternyata omongane awal mboten cocok kalihan (tertawa) ra sesuai

[18:06]

Peneliti : Tapi kemitraan nate matur nek ajeng modali jenengan niku?

Infroman V : Mboten cuman anu mriku rencanane nggih anu persiapan rabuk ning kudu ono duit sek niku. Dute mlebu agek rabuk e mmudun

[18:21]

Peneliti : Nah berarti dari awal memang mboten wonten anu, mboten wonten permodalan teng nggane jenengan?

Infoman V : Mboten wonten

[18:28]

Peneliti : Tapi jenengan tesih tetep lanjut?

Infoman V : Lanjut nggih an

[18:30]

Peneliti : Lha mergo nopo jenengan sih tetep lanjut?

Infoman V : Tetep lanjut nggih, angen angen e nggih anu niku. Tetep lanjut kemitraan nopo?

[18:39]

Peneliti : Nggih nggih. Maksudé niku kan jenengan she nderek kempal to bar bar ngertos nek oh jebule mboten dimodali. Nah terus sing marai jenengan tetep she pengen nderek kempal melih niku nopo?

Infoman V : Nderek kempal malih nggih niki mangkih anu, nek potongane kedik niku mau (tertawa) potongan e namung sekilo

[18:59]

Peneliti : Oh niku jenengan nggih ajek nderek kempal

Infoman V : Nggih, nderek kempal. Ya Cuman niku ee resiko ne nggih kudu madahi ngepres i ngumpulke sik. Nek dol wong njaba kene kan gulung plastik pok zak langsung timbang bathi tenon (tertawa)

[19:19]

Peneliti : Berarti menurut e jenengan soal pengiriman e nggih kurang cepet angsal artha ne ngoten nggih

Infoman V : Nggih. Artha ne nggih kurang cepet nggih an. O niki timbang goyang (tertawa)

Peneliti : Ohh nggih nggih leres

[19:30]

Peneliti : Tapi selama jenengan sade teng mriki nggih langsung dibayar sedoyo?

Infoman V : Bayar sedoyo

[19:36]

Peneliti : Hmm tapi misale jenengan mboten nderek kemitraan niku bingung mboten sade mbako?

Infoman V : Kemitraan?

[19:41]

Peneliti : Misale jenengan mboten nderek kemitraan niku sade mbako bingung nopo mboten?

Infoman V : Mboten. Mpun kathah bakul mriki

[19:47]

Peneliti : Tapi jenengan nggih ngroso pas niku kemitraan bakal nghasilke sing luwih sae

Infoman V : Luwih sae

[19:54]

Peneliti : Nah berarti, nopo sing akhire ndamel jenengan mboten cocok kalih kemitraan niku berarti? Nak selain modal

Infoman V : Mboten cocok kemitraan nggih niku sampet cocok ning nggih klir e mbako kulo niku wau, klir e rabuk e mboten sesuai kalih mitra (tertawa)

[20:10]

Peneliti : Kualitas mbako ne jenengan mboten sing disesuaikan, sesuai mitra akhire jenengan mikir nak percuma nggih an nek kirim mriku ngoten?

Infoman V : Nggih, ngko atak e, atak e ora klebu (tertawa)

Peneliti : Oh nggih nggih nggih

[20:22]

Peneliti : Nah terus anggepane jenengan teng kemitraan Djarum sakniki niku pripun? Ngrugikke nopo ngecewakke nopo she wonten hal sae sing saged jenengan pendhet?

Infoman V : Sih enten hal sae, seh enten

[20:36]

Peneliti : Nopo sing jenengan tamati tesih sae saking Djarum niku nopo?

Infoman V : Sakking Djarum sih sae niku nggih poko mbako wis mudun ora udan ek regane jek ijeh stabil lah

[20:48]

Peneliti : Oh teng kemitraan niku maksudé?

Infoman V : Teng kemitraan niiku nggih

Peneliti : Ohh

[20:52]

Peneliti : Nah berarti misale wonten tawaran teng kemitraan malih purun?

Infoman V : Purun, purun nderek

[20:55]

Peneliti : Asline purun nderek nggih an

Infoman V : Nggih she purun nderek kula

Peneliti : Hmm

[20:59]

Peneliti : Mangkih sami mboten

Infoman V : Wes pundi?

[21:01]

Peneliti : Maksudé sami anu mboten?

Infoman V : Mboten

[21:03]

Peneliti : (tertawa)

Infoman V : Tapi nak niku semangat nggih mitra nggih tetep semangat

[21:10]

Peneliti : Syarat e nopo niku nek misale?

Infoman V : Syarat e nggih keda dimodali riyen

[21:16]

Peneliti : Oh kedadi modal riyen nak jenengan. Hmm (tertawa)

Infoman V : Kecuali ono rabuk sing iso marakke apik (tertawa). Supaya mbakone apik ki kan pihak mitra to mas, nek wong petani kan biasa biasa saja wong jenengane wong petani. Aku jagung ge ngrabuk mbako niku nggih an (tertawa). Mbako ku nggih tanpo Mes nggih lemune kurang, yo cuman

[21:37]

Peneliti : Mes niku Urea?

Infoman V : Urea. Yo nggih nak pas anu niku ZA niku kuning tapi mbako ne hasile kurang . elek o sithik ki ijeh sithik payune kacek sewu intuk akeh(tertawa)

Peneliti : Hmm

[21:58]

Peneliti : Nah selepas jenengan medal saking kemitraan niku nate kepanggih kalih tiyang Djarum melih?

Infroman V : Dereng nate

[22:03]

Peneliti : Ohh dereng nate. Berarti mpun

Infroman V : Wes pindah nggih kempalan teng tanggung nika, teng nggene jenengan

[22:10]

Peneliti : Nak sing jenengan kempalan teng nggene pak Musri nate nderek?

Infroman V : Nderek

Peneliti : Oh nate nderek, nggih nggih nggih

[22:16]

Peneliti : Nah nek misale wonten rencang e jenengan teko teko matur teng jenengan Kang Ibnu niki kula ajeng nderek kemitraan, saranne jenengan pripun? Jenengan bakal matur pripun kalih tiyang niku? Kemitraan Djarum

Infroman V : Nak seaidainya ada orang yang anu toh ikut toh

[22:33]

Peneliti : Nggih misale ee sinten nggih, tiyang lewat, ee opo tonggone jenengan nah matur kalih jenengan, ki aku meh nandur mbako malah tiyang Djarum nawani kemitraan niki kula pripun? Nah jenengan bakal matur pripun?

Infroman V : Piye ya? Lah kue (diam sejenak) arep melu mitra la kui po yo wis anu kira-kira ee duitmu kui ngko selak kanggo pora no. mitra ngko nglumpukke mbako sek ngko gek ditimbang entuk duit, lha ora melu mitra kan sak sak gulung rong gulung kan iso langsung dadi duit

[23:14]

Peneliti : Nah nggih. Berarti nggih soal ee niku ne nggih arto ne niku nyandak nopo mboten? Nak jenengan malah maringi pertimbangan e

Infroman V : Nggih

[23:24]

Peneliti : Nah niku sing sak sakliane sing kula tangletke wonten mboten sing dereng jenengan cerioske? Teng nggene kula. Tentang pengalamane jenengan teng kemitraan

Infroman V : Pengalaman e nggih anu, penyuluhan iku e

[23:38]

Peneliti : Lyo sing di, seng dereng dereng jenengan ceritakke teng kulo wonten nopo mboten?

Infroman V : Mboten wonten niki

[23:44]

Peneliti : Oh mpun sedoyo?

Infroman V : Mpun

[23:45]

Peneliti : Nggih maksude nopo ee hal hal sing menawi dereng kulo tangletke ngoten o

Infroman V : Nggih mpun, mboten wonten

Peneliti : Oh sampun sedoyo

[23:54]

Peneliti : Nggih berarti niki ee jenengan sebenere nek ken nderek mitra melih nggih dos tetep nderek nggih

Infroman V : Sih sih, sih nderek nggih

[24:03]

Peneliti : Hmm nderek malih

Infroman V : Asalkan mitra bertanggung jawab nggih

[24:10]

Peneliti : Nak mmisale mitra mriki malih jenengan mboten dimodali

Infroman V : Mboten dimodali nggih

[24:15]

Peneliti : Jenengan nderek mboten? (tertawa)

Infroman V : (tertawa) Pripun ya? Samare nggih niku nak mboten mlebet niku anu barange. Lha kok klir e mitra kalih anu pinten, nek mriki sembarangan mbako niku mlebet mbako mriki (tertawa)

[24:28]

Peneliti : Ohh maksude prinsipene jenengan misale kemitraan niku modali kan barange jenengan elek nopo sae nggih tetep diterimo?

Infroman V : Nggih tetep diterimo

[24:36]

Peneliti : (tertawa) oh ngoten

Infroman V : (tertawa) ngoten

[24:38]

Peneliti : Oh berarti jenengan niku golek aman damel, pokoke mbakone kulo sae nopo mboten sae pengaruh cuaca nopo pripun tetep ditampi niku nggih

Infroman V : Ditampi niku nggih mlebu

[24:49]

Peneliti : Niku kan sing mboten saged dilakoni kalih Djarum

Infroman V : Lha nak mriki kan mbako elek apik mlebu tek nek regone niku sami

[24:56]

Peneliti : Oh nggih nggih nggih

Infroman V : Tep niku payu

[25:00]

Peneliti : Oh mpun nek ngoten kan istilahe kan clear nggih berarti kan jenengan purune niki, nah Djarum mboten saged. Nah akhire jenengan nggih mpun mutuske damel mboten ngirim niku mawon. Nggih mpun nak ngoten cekap niki waawancara saking kulo. Niki kulo rekam nggih pak nggih

Infroman V : Nggih

[25:16]

Peneliti : Nggih kersane kulo saged damel pendatan teng tesis kulo. Matur suwun pak

Kode Informan: Informan VI

Tanggal Wawancara: 25 Mei 2025

Durasi: 26 menit 07 detik

Lokasi: Rumah Informan

Catatan: Transkrip ini bersifat verbatim dan mempertahankan gaya bahasa asli informan. Emosi dan jeda ditandai dalam kurung.

TRANSKRIP WAWANCARA

[00:04]

Peneliti : Assalamualaikum warahmatullahi wabarakatuh

Informan VI : Waalaikumsalam

[00:06]

Peneliti : Matur suwun nggih Pak sampun purun rawuh mriki, wonten undangan ee wawancara damel penelitian kula. Matur suwun purun dados narasumber

Informan VI : Nggih

[00:18]

Peneliti : Niki ee kula rekam

Informan VI : Nggih

[00:21]

Peneliti : Kersane saged kula tulis malih teng nggene saking

Informan VI : Nggih sakne Mas Rifqi (tertawa)

[00:26]

Peneliti : (tertawa) Nggih, saged kula teng penelitian ngoten nggih

Informan VI : Nggih nggih

[00:30]

Peneliti : Lah niki sakderenge kula tanglet-tanglet kathah niki ajeng tanglet riyen asmane jenengan sinten nama lengkape kalih jenengan saking desa pundi?

Informan VI : Pak Kaji Kusnin, alamate Brabo, Tanggunharjo, Grobogan

[00:44]

Peneliti : Ohh nggih, sante mawon mboten sah tegang (tertawa)

Informan VI : (tertawa) Nggih nggih nggih

[00:48]

Peneliti : Lah iki kula kan ajeng tanglet pengalamane jenengan awit pertama dados napa? Petani tembakau ngoten

Informan VI : Nggih

[00:57]

Peneliti : Lah jenengan niku mulai nanem tembakau niku awit tahun pinten nggih?

Informan VI : Awit tahun 80-an pun nanem

[01:07]

Peneliti : 80 pinten niku?

Informan VI : 82, 83 niku pun nanem mbako

[01:12]

Peneliti : Dangu tenan nggih mpun pinten niku?

Informan VI : Sampun

[01:15]

Peneliti : 40 tahunan nggih punan nggih

Informan VI : Nggih

[01:17]

Peneliti : 40 tahun niku pun klothok ilmune mbako ne jenengan (tertawa)

Informan VI : (tertawa)

[01:21]

Peneliti : Lah terus niku ee jenengan riyen pertama kali dados petani tembakau niku keinginane piyambak napa diarahke kalih tiyang sepuh napa tangga?

Informan VI : Piyambak

[01:31]

Peneliti : Piyambak

Informan VI : Nggih

[01:33]

Peneliti : Berarti tiyang sepuh nggih petani

Informan VI : Nggih petani. Tapi mboten mboten kados tiyang-tiyang niku wong bapake kula niku mboten nduwe tanah ngoten

[01:43]

Peneliti : Oh, berarti nggih pertama kaline nganu nggih, jenengan nunut-nunut ngoten

Informan VI : Nggih nggih

[01:48]

Peneliti : Sewa-sewa

Informan VI : Sewa-sewa riyen ngoten. Lah, bar nyewa-nyewa niku enten rejeki, lha saged tumbas-tumbas-tumbas ngoten

[01:56]

Peneliti : Ngoten terus tumbas tanah

Informan VI : Nggih

[01:58]

Peneliti : Hmm. Lah nak sakniki ee pun pinten hektar lahan sing jenengan garap piyambak niku?

Informan VI : Sekitara nggih paling nggih sak hektar kirang-kirang genep e

[02:13]

Peneliti : Hmm sak hektar. Niku jenengan sakniki taneme tembakau sedaya?

Informan VI : Nggih

[02:18]

Peneliti : Hmm menguntungkan nggih Pak tembakau niku

Informan VI : Nggih, soale biasane niku wong ngunduh e niku bolak balik, apalagi payu sisan

[02:27]

Peneliti : Ohh mbako itungane nikialhamdulillah nggih hargane mudhak terus nggih

Informan VI : Nggih lumayan

[02:31]

Peneliti : Lah terus niki ee panjenengan kan di 40 tahun niki kan pasti pun wonten macem-macem nemoni musim, terus nemoni tiyang aken nandur, nemoni kemitraan

Informan VI : Nggih

[02:45]

Peneliti : Lah, jenengan pengalaman-pengalaman kemitraan niku nate nderek kemitraan sinten mawon?

Informan VI : Nggih nderek nggene jenengan niki wau, wingi wau niku anu wingi niku ngoten

[02:54]

Peneliti : Sing nggone kemitraan jarum niku?

Informan VI : Nggih

[02:57]

Peneliti : Oh, sakderenge niku pun nate nderek kemitraan?

Informan VI : Dereng

[02:59]

Peneliti : Oh, dereng nate. Lha jenengan mireng kemitraan jarum niku pertama kali saking sinten?

Informan VI : Niku rak nggih kalih sedoyone Pak Mul niku sing anu

[03:08]

Peneliti : Oh, berarti sing ngajak jenengan pertama kali?

Informan VI : Nggih Pak Mul

[03:11]

Peneliti : Pak Mul. Nah, pertama kali jenengan diajak kemitraan niku jenengan respon e priipun pas niku?

Informan VI : Respons e nggih nek mireng cara rega-regane niku kok saged harga netap timbangan ora terlalu banyak, iki jane ya kesane senenge ngoten niku jane

[03:32]

Peneliti : Harga netap niku maksude priipun?

Informan VI : Nggih maksude hargane kan misale upamane rega 50, 50 kok lanjut terus nek misale nek dituku bakul mriki kan rega kan munggah medun, munggah medun ngoten. Nek teng nggene mitra niku kan turene harga niku upamine medun nggih, sekedik-sekedik-sekedik ngoten. Sing penting niku barange niku stabil sae

[03:57]

Peneliti : Oh, selama kualitas barang sae, hargane stabil sae?

Informan VI : Nggih hargane juga netap

[04:02]

Peneliti : Nah, niku berarti harapane jenengan pas mlebet mitra niku napa?

Informan VI : Nggih niku

[04:06]

Peneliti : Harapane?

Informan VI : misale nggih upamine nanem kathah kok saged mlebet mriku sedanten kan untunge kan nggih kathah

[04:16]

Peneliti : Oh ngoten. Nah, pertama kali jenengan mireng saking nggene Pak Mul nak wonten info bahwa niki jarum ajeng buka kemitraan teng Brabo

Informan VI : Nggih

[04:26]

Peneliti : Nah niku wonten mboten jenengan sing ngajak ngobrol riye sakderenge?

Informan VI : Mboten wonten

[04:33]

Peneliti : Mboten wonten. Terus jenengan nderek ngoten mawon?

Informan VI : Nggih

[04:35]

Peneliti : Nah pertimbanganane jenengan soal niku wau?

Informan VI : Nggih

[04:39]

Peneliti : Mboten rembukan kalih sinten-sinten?

Informan VI : Mboten

[04:41]

Peneliti : Oh mboten wonten. Nah terus ee hmm (diam sejenak). Nah terus jenengan kan nika berarti pun diajak Pak Mul.

Informan VI : Nggih

[04:53]

Peneliti : Jenengan pun nyerahke KTP dan lain-lain nika nggih berarti

Informan VI : Nggih, mpun

[04:56]

Peneliti : Nah niku saged jenengan ceritake mboten proses jenengan pas nderek kemitraan niku?

Informan VI : Lah nek sing kalih Pak Mul nggih mboten terus pun mboten enten ngurusi malih ngoten lah

[05:08]

Peneliti : Oh, kelanjutane?

Informan VI : Nggih kelanjutane kan misale kan ngoten. Wau pertama kan nek ajeng ndeder, nek ajeng nanem turune enten petugas saking Djarum saged medun, saged praktekke. Semenjak misale niki ajeng kula ngleder, ajeng kula nanem kok meneng-meneng mawon mboten enten kesimpulan mandhap mriki antaran petugas saking Djarum. Lah niku rak nggih kula re ya pun terus kula culke. Lah, sing ajeng kula nut sinten wong sing mriki mboten enten sing ngurusi. Dadi wau wektu niku wau kan

enten sing ngajak-ajak nggih niku wau sing nika wau. Lah, lah misale lah misale kula ajeng ndeder kok ya jare arep diwarahi ngene-ngene kok mboten enten kesimpulan antaran petugas saking Djarum kok mboten enten medun. Lah, kula nggih nggih sak karepe kula dhewe (tertawa)

[06:06]

Peneliti : Oh, ngoten. Tapi sebenere wonten kempalan mboten saking tiyang jarum niku Pak?

Informan VI : Wonten

[06:13]

Peneliti : Nggih. La jenengan nate nderek kempalan napa priipun ngoten?

Informan VI : Nggih nderek nggih niku wau. Omongane nggih ngoten niku wau

[06:21]

Peneliti : Ngoten. Jenengan nate nderek penyuluhan?

Informan VI : Nggih

[06:24]

Peneliti : Lah sing jenengan angsal saking penyuluhan niku napa mawon?

Informan VI : Lah, nggih niku umpamane nggih misale kan ajeng ndeder nggih kiyambak ajeng dugi mangke jare nek ndeder niku arang-arange semanten-semanten mangke nek nanem jareke semanten meter, semanten meter ngoten. Mangkeh nek nanem cara winih niku saged digawe rajin gedhene kersane tanaman niku saged sae ngoten

[06:47]

Peneliti : Hmm

Informan VI : Lah, misale niku suwe kula wayah ndeder mboten enten teka wayah ajeng nanem nggih mboten enten medun mriki. Lah, bar ngoten ya wis kula nggih nanem nggih sak karepe kula dhewe. Nggih kula kula nggo sing pun biasa kula nggih pertanian kula

[07:08]

Peneliti : Hmm. Tapi nak tiap harine niku jenengan nate kepanggih napa mboten kalih tiyang mitra jarum niku?

Informan VI : Mboten. Mboten wonten medun. Mboten pawe-pawe

[07:17]

Peneliti : Hmm. Berarti jenengan ee kelingan mboten sampun nate dikempalke kalih tiyang jarum ping pinten?

Informan VI : Ping ping kalih kadhose

[07:28]

Peneliti : Ping kalih

Informan VI : Teng nggene kula sepindah teng teng nggene Pak Musri mriki sepindah

[07:33]

Peneliti : Teng nggene jenengan?

Informan VI : Nggih

[07:34]

Peneliti : Nate kempalan Djarum? Oh, ngoten. Hmm, sing pas kempalan Djarum teng nggene jenengan niku sing hadir sinten mawon?

Informan VI : Pas an kulo nggih supe wong, namine sinten ngono. Malah maringi malah maringi niku rindi barang iku

[07:50]

Peneliti : Oh, maringi rindi

Informan VI : Nggih, kula nggih teka sepriki niku nggih rindi teng mitra Djarum niku malahan

[07:54]

Peneliti : Oh, lanjutane nik?

Informan VI : Nggih. Lah, ning kok kelanjutane terus mrikune kok putus mboten enten urusan blas terus padha karo pedhot ya. Lah terus kula ajeng manut sinten? (tertawa)

[08:09]

Peneliti : Nggih nggih nggih. Nah, terus berarti kan jenengan pun ngrasake piyambak wau nggih priipun pengalamane jenengan nderek teng Djarum? Nah, saking sing jenengan ee setelah nderek kempalan, setelah ee napa nate diparingi rindi niku jenengan krasa diperhatike napa mboten kalih pihak Djarum niku?

Informan VI : Nggih nak jane sejatine wau nggih ajeng diperhatike. Kula nggih menung krasa diperhatike. Cuma niku wau istilahe wong ajeng ajak-ajak niku kok terus mboten enten medun teng tempat ingkang dipun tanemi niku rak nggih

[08:46]

Peneliti : Hmm. Berarti intine tiyang kurang tiyang Djarum niku kurang survei teng lapangane, namung wonten teng penyuluhan ngoten mawon. Janji teng penyuluhane priipun?

Informan VI : Nggih cuma ngoten mawon niki rindi e mengke nek ndeder nggih cuma mengko rada arang-arang misale upamane sak entu niku sak galenge niku pinten meter mengke diparingi sak sendok teh niku ngono. Nggih cuma niku tok terus niku. Lah, terus mengke nek nanem-nanem mengke enten enten penyuluhan malih mangke dugi saged ngatur-ngatur jarak-jarak naneme ngoten.

[09:27]

Peneliti : Nggih. Lah niku wonten?

Informan VI : Mboten enten ternyata. Lah, pun winih pun gedhe kok mboten enten dugi. Padahal kok wis jan-jane nggih ketok ya temenanan. Ning misale di wektu kula winihe gedhe kok ya ora ana teka. Lah, terus dadi terus sing arep dianu sapa kula ngoten

[09:48]

Peneliti : Oh, nggih. Lah, sing jenengan marai mboten nyaman napa niku?

Informan VI : Nggih mboten nyamane wong ora kena dipercaya (tertawa)

Peneliti : (tertawa) Saking pihak Djarume merg wonten janji sakderenge nggih

[10:02]

Peneliti : Nah, wektu jenengan niku ngrasa pun ngrasa ragu kalih ee Djarum niku, ee jenengan wonten rembukan srawung-srawung kalih petani liyane mboten ngomongke kemitraan Djarum niki?

Napa cerita kalih sinten sing nderek ngoten tanglet piye ngono?

Informan VI : Lah, niku perane kula ajak ngomong lah nyatane wis ora ana judule ya wis piye meneh lah terus nandur ya sak geleme ngoten

[10:25]

Peneliti : Lah nggih saged jenengan sebat mboten asmane sinten sing jenengan ajak rembukan biasane niku?

Informan VI : Lha niku Mas Benu niku wau

[10:31]

Peneliti : Oh, Mas Benu. Saliane niku?

Informan VI : Niku kan cedhak tegale kula. Lah piye anu leh lah kok terus meneng-meneng niki ladene ana ana kumpulan, ana oponan lah kok ora ana pembentukan meneh iki sok arep nandur lah piye lah iki terus piye sak karepe piye carane aku ngono. Lah, terus malih pun ngundhuh. Lah, pun ngundhuh kok mboten enten cara misale kan nek ajeng nggunake tiyang petani wong pun wau pun dibentuk.

Peneliti : Nggih

Informan VI : Oh iki kok wayah ngundhuh oh kae-kae sing tak kei pengertian. Mengkeh ya kedah kedune kan mlampah teng nggene sing gadhah mbako wayah ngundhuh. Mbah, iki piye anune wong sampeyan nderek mitra. Lah kula kan saged tangi grigah pripun carane ngoten. Lah, niki mboten enten tembusan niku mboten enten kok. Lah kula ngadol nggih sak sak seneng kula ngadol teng nggene pake sampeyan dol bakul mriki nggih sing endi sing cocok kula (tertawa) kula culke ngoten mawon wong mriki pun mboten ngurusi kok

[11:35]

Peneliti : Ohh nggih (tertawa)

Informan VI : (tertawa)

[11:38]

Peneliti : Nah, terus saking ee kan jenengan wau ngangge kemitraan niku sebagai ee harapan damel rega kalih

Informan VI : Timbangan

[11:49]

Peneliti : Timbangan dan lain-lain jenengan saged angsal hasil sing luwih sae daripada jenengan dol liyane ngoten nggih?

Informan VI : Nggih sing kula maksud kan niku jan-jane

[11:56]

Peneliti : Nggih. Nah, tapi setelah jenengan ngrasake nderek kemitraan niku pandangane jenengan teng kemitraan sakniki tetes sami mboten? Kemitraan Djarum niku?

Informan VI : Nggih sih istilahe nek nyatane cocok di wektu niku kula nggih jane isih gedah anu angen-angen

[12:11]

Peneliti : Hmm. Cocok napa niku?

Informan VI : Nggih cocok masirah iki timbangane iki potongane mboten kathah. Cara harga niku mboten kados bakul desa kan nek enten

udan sithik kan terus rega dijlokke jlok. Lah nek ijih ana tigane dhuwur kan rega isih dhuwur ngoten

[12:32]

Peneliti : Oh ngaten. Nah berarti sing sing marai njenengan gela niku malah ngilangke niku nggih rasa njenengan sing ajeng niku

Informan VI : Nggih

[12:41]

Peneliti : Nah terus ee njenengan wau kan barembukan-rembukan kalih tiyang-tiyang terkait iki kemitraan piye ngoten (tertawa)

Informan VI : Lah nggih

[12:49]

Peneliti : Nggih. Lah niku ee ngaruh napa mboten toh teng njenengan niku?

Informan VI : Nggih ngaruhe nggih mpun mboten enten tiyang ngurusi nggih mpun pripun malih (tertawa)

[13:]

Peneliti : Hmm. Lah nggih saking rembukan niku kan berarti nggih njenengan nggih terpengaruh nggih?

Informan VI : Nggih

[13:04]

Peneliti : mboten kirim niku kula nderek mboten kirim ngoten

Informan VI : Lah terus ajeng ngirim, kirim sinten wong sing ajeng dikirim sinten wong mboten enten kesimpulan nembusi nggene kula kan lah aku terus arep kirim, kirim sapa? Lah misale kan kudune kan kedah enten tiyang Djarum mlebet teng nggene kula. Mbah, mpun ngundhuh mbako napa dereng? Sampun. Nah sampun iki tak kei lasar semene engko mulai kirim tanggal sekian-sekian kan ngoten kudune

[13:38]

Peneliti : Hmm. Niku penyuluhan kados mpun mboten wonten niku

Informan VI : Sampun mboten enten blas mpun cara mpun ilang lang

Peneliti : Hmm. Nggih nggih nggih nggih

[13:48]

Peneliti : Nah terus ee ee napa sing akhire ndadoske njenengan titik sing wis lah aku tak ora usah kirim wae lah ngoten?

Informan VI : Masalahe niku nggih niku wau masalahe mboten enten antara pihak jarum niku mboten enten ngurusi teng lapangan

[14:13]

Peneliti : Lapangan, nggih

Informan VI : Lah terus kula ajeng kirim, kirim kalih sinten wong misale kan enten sing tiyang jarum mriki kan saged ngomong mengke ja tanggal semanten dina semanten mengke sampeyan kirim nggene Mas Rifqi, ngoten kan lah kula kan saged siap. Lah mboten enten tembusan niku lah terus ajeng kula kirim-kirim sinten ajeng sing kula net sinten nganti bingung toh kula. Lah niku terus malih kula adol teng kampung-kampung niku kan nggih

[14:51]

Peneliti : Berarti kekecewane njenengan saking napa mboten wonten oyak-oyakan sing Djarum niku dados njenengan damel ah apa keputusan mawon lah mpun kula mboten sak kirim ngoten

Informan VI : Nggih

[15:02]

Peneliti : Tapi njenengan ngroso napa mboten nak mboten kirim teng jarum niku termasuk saking nglawan utawa mboten sesuai kalih perjanjian sing mpun njenengan nganu saking awal niku?

Informan VI : Misale?

[15:17]

Peneliti : Nggih misale kan njenengan kan wau kan nek perjanjian teng jarum kan oke nggih kula kirim jarum

Informan VI : Nggih

[15:24]

Peneliti : Nah terus njenengan mboten kirim. Nah niku njenengan ngroso nak niku perbuatan sing nglawan apa mboten?

Informan VI : Lah misale nggih nglawan tapi cuma ngaten mawon, Mas. Kula sebabe ngaten. Lah niku kula padahal kula mpun perjanjian kalih wong Djarum ajeng kirim. Lah terus wong jarum kok ora ngurusi kula lah terus kula sing ajeng kula kirimi sinten? Ngoten. Lah terus sing ajeng kula ujuk-ujuk kula teng nggene njenengan kula kirim mbako, Mas. Lah sampeyan nak nggih tetep ajeng nampa pripun sampeyan, lha Nek mboten enten perjanjian pripun-pripun kan kudune kan kedah enten tiyang jarum iki wayah ngundhuh. Oh iki kok sing melu pendaftaran melu kelompok Djarum mitra iki tak tekanane teng omahe pok wis ngundhuh apa urung. Nek wis ngundhuh kira-kira kok wis sampek wis ngundhuh kok sekirane mbakone kok isa mlebu kan kudune kan digawe kabar mengke tanggal pinten, tanggal pinten sampeyan kedah kirim mrika mengke kula tunggu kan ngoten.

[16:38]

Peneliti : Oh nggih

Informan VI : Dadi kesalahane kula kan nggih tetep kula nggih salah, wong jenenge wong omongan kalih tiyang dhuwur nggih jane nggih salah. Ning tapi kesalahane niku nek ngoten niku salahe kula napa salahe mrika (tertawa)

[16:42]

Peneliti : (tertawa) Njenengan nggih tesih bingung nggih?

Informan VI : La nggih. Lah kecuali nek kula mpun ditekani pihak pegawe jarum kok kula mpun diparingi ngerti jam sekian-sekian sampeyan kudu kirim, Mbah. Lah nak kula nduwe mbako kok ora tak kirim kula adol wong liya kula kan tetep ketok salahe ngoten

[17:03]

Peneliti : Hmm nggih nggih nggih

Informan VI : Soale nyatane sak kene ajeng kirim wong mrika mboten ngurusi kula lah terus ajeng kirim, kirim nggene sinten. Njenengan pikir piyambak kok pripun? (tertawa)

Peneliti : (tertawa)

[17:15]

Peneliti : Tapi pas njenengan akhire lah mpun nganu wonten sing ngajak-ajak mboten njenengan mboten kirim niku? Napa niku mpun keputusane final njenengan piyambak napa nggih wonten sareng-sareng kalih liyane ngoten?

Informan VI : Nggih kula piyambak lah sing ajeng nganu wong nyatane kanca-kanca nggih padha padha kula kabeh cara mboten enten

[17:37]

Peneliti : Lah kanca-kanca niku kanca-kanca sinten niku?

Informan VI : Nggih niki sing kumpulan nggih niki toh niki barang niku

[17:44]

Peneliti : Oh sing nderek-nderek kumpulan teng mrika niku njenengan rembugi dumboten kintun akhire nggih mpun

Informan VI : Nggih. Lah kono ora ngurusi arep kirim-kirim kirim nang endi, Mbah? Lah nggih mpun toh kula

Peneliti : Hmm ohh nggih nggih

[17:57]

Peneliti : Nah terus nak wektu niku njenengan sing njenengan raoske secara pribadi napa? Pas ndelok kenyataan kemitraan ngoten niku toh?

Informan VI : Nggih cara gampangane nggih ora wani tanggung jawab. Cara wis pernah ngomong kok ora ana tanggung jawabe ngurusi nang lapangan niku kan kekecewane nggih niku toh

[18:18]

Peneliti : Oh nggih. Akhire njenengan nggih ngroso kecewa nggih

Informan VI : Nggih

[18:22]

Peneliti : Nutul kekecewaan ngoten nggih

Informan VI : Soale mrika kulo kan angen angen e oh yo ngko nak mlebu Djarum tenan coro rego iso stabil, pertimbangan e yo potongane yo ora terlalu akeh. Nggri kan angen-angen e kan Insyallah ngko duit rodok nglumpuk akeh ngoten lah. Eh ternyata kok mboten wonten kesimpulan medun mrika sing tiyang pihak Djarum niku yo rak nggih (tertawa)

[18:50]

Peneliti : Lha berarti kan pas pertama pandangane njenengan pas awal kemitraan iku kan wonten harapan harapan, nah terus setelah njenengan ngertos kemitraan dan setelah njenengan medal niku perasaan e njenengan teng kemitraan niku pripun?

Informan VI : ah wes mpun mboten ten angen-angen (tertawa)

[19:06]

Peneliti : Oh ngoten. La misal e njenengan ditawari mlebet kemitraan melih, purun nopo mboten?

Informan VI : Nek ternyata niku coro gampangne niku nderek stabil yo coro iso ngelaksanakke bener bener nggih kula to nggih siap

[19:22]

